

Siy Lan

63-0901M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana,
Étazini

1 Nou mèt chita. Bonjou tout moun! Mwen kontan tounen ankò nan sèvis Seyè a maten an, sou...M pat konnen si nou t ap retounen oswa non, men Seyè a te bay yon mwayen, epi nou te retounen pou sèvis la jodi a. Kounye a nou espere yon gwo moman jodi a, maten an, nan leson lekòl dimanch sa a, nan Pawòl la. E aswè a pral gen sèvis gerizon ankò, ak sèvis kominyon k ap swiv li.

2 E kounye a nou gen yon—yon konsekrasyon ti bebe, mwen kwè...Frè Neville te fèk ap di m ke yon moun te gen ti bebe yo pou fè konsakre. E si yo te ka pote ti

bebe a nan moman sa a, alò. E frè nou an ap rete, oswa kèk nan yo, sou òg la oswa pyano a, youn. Epi pote ti bebe a vini. Nou pral gen sèvis konsekrasyon an; konsa nou ka antre byen vit nan Pawòl la jan nou kapab.

3 Paske, nou renmen pou—pou nou apiye sou Pawòl la. Sa—sa se bagay prensipal la, bay tan nou egzakteman nan Pawòl Seyè a. Kifè, nou trè rekonesan pou opòtinite pou rankontre avèk nou tout isit la jodi a, epi pou...epi nan sèvis sa a.

4 Mwen dwe fè erè. Se kòrèk, sè. Mwen—mwen—mwen te panse te genyen. Petèt se jis yon erè. Dakò. Kounye a, mwen di ou mèsi, anpil, kanmenm. Petèt sa a, mwen panse ke sa te vini de yon lòt moun, de yon lòt moun, epi sa jis fè li yon jan difisil.

5 Kounye a, tout moun santi yo byen? [Kongregasyon an di, “Amèn.” — Editè a.]...?... Mèsi Bondye!

6 [Frè Neville di: “Men li vini avèk yo.” — Editè a.]
Kounye a, o, wi, men ti piti yo. Ekskize m. Ekskize m.
Oke, èske w vle vini, ansyen? [“Wi mesye.”]

7 Ebyen, ala de bèl ti fi, ti fi ki gen je mawon! En? Sa bèl. Kijan li rele? Gade isit la! [Manman an di: “Jennifer Lee.” — Editè a.] Jenny? [“Jennifer Lee.”] Jennifer Lee. Ki non fanmi an? [“Serept.”] Serept. Ki kote ou soti, Sè Lee? [“Versailles, Illinois.”] Versailles, Illinois. Ala bèl!

8 Kounye a, nan Bib la. Kounye a, anjeneral, yo—yo gen abitud tankou batize timoun yo; nou pa kwè nan batize timoun yo, paske yo poko peche, paske yo twò piti. Men nou kwè nan konsakre timoun yo bay Seyè a.

Koulye a ansyen an avè m pral poze men sou ti bebe
a. Jenny, ou di? [Frè Neville di: “Jennifer.” — Editè a.]
Jennifer. Trè byen.

Annou bese tèt nou.

9 Papa nou ki nan Syèl la, pandan nou mennen maten
an ti fi sa a, ki rele Jennifer, ba Ou, manman an ak
byeneme l yo soti byen lwen, pou yo konsakre l bay
Seyè a. Nou konnen ke Ou te poze men W sou ti piti
sa yo, nan epòk Ou, epi—epi W te di: “Kite timoun yo
vin jwenn Mwen, epi pa anpeche yo, paske se pou
moun ki sanble yo Wayòm Syèl la ye.” Kounye a nou
ba W li, pou yon lavi sèvis, nan Non Jezikri. Amèn.

10 Kijan lòt ti fi a rele? [Manman an di: “Connie Lynn.”
— Editè a.] Connie Lynn. Oke, ti Connie, fè, ou fè m

santi m piti. O, ou pè? O, mwen pè pou sa pa mache,
manman. Trè byen.

Annou bese tèt nou.

11 Seyè Jezi, manman an pote ti Connie sa a ba nou
maten an, nan sèvis konsekrasyon bay Toupwisan an.
Ou te ba li pitit sa a, pou l elve, epi l ap pote l ba Ou,
ak ti sè a. Mwen priye, Papa nou ki nan Syèl la, pou W
gen mizèrikòd. Beni fanmi an. Beni ti fi a. Pandan n ap
poze men sou li, nan Non Jezikri, nou ba W li pou yon
lavi sèvis. Amèn.

Bondye beni ou, ak timoun piti ou yo la.

O la la, nou gen anpil ti bebe kounye a!

12 Ki jan ti gason an rele? [Manman an di: “Joel Lee
Watson.”— Editè a.] Joel Watson. [“Joel Lee.”] Joel

Lee Watson. Ala yon bo ti gason, gwo je ble! O la la! Ki kote nou tout soti? ["Eastman, Georgia."] Nan Georgia. ["En-en."] Mwen te panse nou te soti nan Sid la. Mwen pa t konnen...["Ebyen, kay nou an se alantou Tifton. Li laba a la."] O, wi. O, alo! Sa se yon bo, ti gason ki soti Georgia, alò, en? Dakò, mesye. Wi, mesye, sa se trè byen. Li ka pale tou. Ou pa kapab?

Ann bese tèt nou.

13 Papa nou ki nan Syèl la, nou mennen ti gason cheri sa a, pandan manman an ak papa kanpe isit la an—an akò ak inyon yo. Ou ba yo ti gason sa a pou yo elve, epi y ap pote l tounen ba Ou. Ala yon—yon bèl sèn sa ta ye, tankou Ana, nan tan lontan, ki te priye pou yon timoun; epi—epi Bondye te ba li pitit la, epi li te mennen l tounen nan tanp Bondye a, pou konsekrasyon.

Pèmèt, Seyè, ke ti gason sa a ka sèvitè W, pou papa a ak manman an beni, epi ke yo gen sante ak fòs pou yo elve l. Epi se pou l viv yon lavi ki long, ak kè kontan, epi se pou li sèvitè W, pandan n ap remèt Ou l, nan non Jezikri. Amèn. (Bondye beni w!) Fè l yon bon gason, petèt yon lòt ti pwofèt tankou Samyèl.

14 Kounye a men de bo ti gason. O la la! Yo twa, alò? Ebyen, se tout fanmi an. Kijan ou rele? [Tigason an di: “Michael.”— Editè a.] Michael. E pa w la? [Lòt tigason an di: “Pòl.”] Pòl. Ala bèl non! E pa w la? [Ti fi a di: “Debbie.”] Debra. Sa vrèman byen. Michael, ak Pòl, ak Debra. E ki non fanmi nou? [Papa a di: “Ellis.”] Ellis? [“Wi.”] Ebyen, sa se yon ti fanmi ki debyen anpil, se mwens k ap di nou sa.

15 Nou konnen, lè m wè ti moun konsa, sa toujou fè m sonje tan lè m te yon ti gason. E bon, ansyen pwovèb la di, nou konnen: "Y ap mache sou pye w kounye a, epi sou kè w pita," men mwen pa kwè ke li pral konsa lè nou konsakre yo bay Seyè a. Nou gen yon responsablite isit la, e Bondye mete sa a nan men nou. Li fè de ou yon predikatè. Mwen te toujou pale de fanm predikatè yo, nou konnen, men chak manman se yon predikatè; men asanble li, ou wè, pou l elve ti moun sa yo kòrèkteman, pandan papa ap travay. E nou gen yon responsablite. Ke Bondye beni nou toulède. Nou gen yon bèl ti fanmi.

16 Papa nou ki nan Syèl la, nou vini ak ti Michael, sanble se premye pitit la. E nou poze men nou sou li, nan konsekrasyon, bay Jezikri. Fanmi li pote ti pititit yo

paske Ou te remèt sa nan swen yo—yo, e yo konnen ke yo pa sifi, san èd Ou, kifè yo pote ti fanmi yo, pou konsakre yo.

17 Kounye a mwen remèt Ou ti Michael isit la, pou yon lavi sèvis, nan Non Jezikri. Menm jan an tou, nou poze men sou ti Pòl, epi nou konsakre lavi li bay Jezikri, pou yon lavi sèvis pou glwa Bondye. Epi sou ti Debra, nou poze men sou li, Papa, nan konsekrasyon, an souvni Jezikri, Ki te poze men L sou timoun piti yo, Li te di: “Kite yo vin jwenn Mwen; pa entèdi yo.” Se pou lavi ti fi sa a jwenn benediksyon nan Wayòm Bondye a.

18 Beni papa a ak manman an, epi se pou yo viv lontan, yon lavi ak kè kontan, pou yo wè pitit yo nan sèvis Bondye. Nou mande benediksyon sa a pou glwa

Bondye, pandan n ap konsakre yo nan Non Jezikri.
Amèn.

Bondye beni nou! Bondye beni nou! Nou se yon bèl ti fanmi. Wi.

19 Ala yon...Nou konn sa m panse? Ti fi yo vin, pi bèl kounye a pase jan l te abitye ye lè m te yon ti gason.

Wi mesye. Ala de gwo kokenn bèl je! Kijan l rele?

[Manman an di: "Joanna."— Editè a.] Joanna. Epi non

fanmi w se... [Papa a di: "Blair."] Blair, Joanna Blair. Ou

menm k ap gade dèyè a la, èske se pa yon poupe? Wi

mesye. E kòman ou ye, Joanna, en? Yon ti kras

jennen, en-en, jis yon ti kras jennen. Yon bèl ti

bagay.

Ann bese tèt nou.

20 Papa nou ki nan Syèl la, fanmi Blair sa a te gen don sa a pou inyon yo, ti Joanna sa a. E nou konnen ke jou yo move, lè Satan tout kote, ap atake, espesyalman ti fi sa yo. Epi yo konnen yo pa sifi pou—pou yo elve l kòrèkteman. E yo vle li elve kòrèkteman, epi pou—pou l vin sèvant Ou. E y ap elve ti fi sa a pou onore W. E kounyey a, yo mennen l, nan konsekrasyon, ba Ou. Nou poze men nou sou li, nan Non Jezikri, pandan n ap konsakre ti Joanna Blair nan Wayòm Bondye a, pou glwa Bondye. Amèn.

Bondye beni w, frè Blair. Seyè a avèk nou.

21 Bonjour, mesye! [Papa a di: “Bonjour!”— Editè a.] Ala yon bo tigason sa ye! Ey Koman w ye? Ebyen, o la la, ou t ap parèt pi byen si ou te vire sou bò sa a. Wi, mesye. Li gen yon bèl, bèl, ti tèt, ak yon figi k ale avè l.

En? Kijan li rele? [“Daniel Mark.”] Daniel Mark. E non fanmi ou? [“Mark Kardum.”] Hardum. [“Kardum.”] Kardum, Daniel Mark Kardum.

22 Ou se moun bò isit la, frè Kardum? [Frè Kardum di: “Kounye a, nan vil Melkerk.” — Editè a.] Wi, mesye. Kibò ou soti? [“Mwen soti nan Eta New York.”] Nan Eta New York, yon Yankee, kòrèk. [“Wi.”] Ebyen, se yon gwo eta. Mwen gen kèk moun ki rete la. Tonton m ap viv Plattsburgh. O, mwen te pran anpil plezi nan New York. M ap monte la pou pwochen reyinyon mwen an, nan Vil New York, nan Stone Church laba a. Trè byen.

23 Koulye a, li rele Mark, ou di? [Papa a di: “Daniel Mark.” — Editè a.] Daniel Mark, ala yon bo tigason!

Annou bese tèt nou.

24 Seyè Jezi, nou pote ba Ou ti Daniel Mark, pou konsekrasyon lavi l. Yo lage l nan men papa a ak manman an, pou elve timoun piti sa a dapre konsèy Bondye. E yo konnen yo ensifizan, kidonk y ap pote l ba Ou, Seyè, pou ke Ou ta beni lavi li. E, kounye a, kòm nou konnen ke jou a move, jou ke n ap viv ladan l nan. Nou wè timoun piti sa yo, nou pa konnen ki sa demen gen ladan l, men kèlkeswa sa l ye a, nou konfyè yo nan men Ou. Nou poze men sou ti gason sa a, epi nou konsakre lavi li ba Ou, pou yon lavi sèvis nan Wayòm Bondye a, nan Non Jezi nou priye. Amèn.

25 Bondye beni ou, frè. Li se yon bo ti gason. Bondye beni ou ti Mark.

O... yo antre, fè yo antre,

Fè yo antre soti nan jaden peche yo;

O, fè yo antre, fè yo antre,

Mennen ti piti yo bay Jezi.

Sa se bèl bagay! Mèsi, sè.

26 Konbyen moun ki te isit la dimanch, yo te priye pou yo dimanch pase a, ki santi rezilta yo epi ki santi w geri? Leve men nou, sa yo te priye pou yo. O, la la, gade isit la, jis prèske yo chak.

27 [Frè Neville di: “Aleluia! Èske sa pa bèl bagay! Lwanj pou Bondye! Tout semenn lan mwen t ap tande sa.” — Editè a.] Wi, mesye. Mwen menm tou. Mwen jis anvi chita la, koute, ou wè.

28 Ou wè, gen yon bagay k ap pase, m ap pale avè nou sou sa pita, yon lè konsa, ou wè, se—se gloriye epi mèveye. E si nou... Nou va pale sou sa, nan kèk lòt

reyinyon, ou konnen, nenpòt lè konsa. Li fèk kòmanse pran plas, e nou sitèlman rekonesan pou sa.

29 Epi mwen te desann nan Kentucky, jan mwen konn fè chak ane, mwen te desann la. Mwen te avèk kèk nan zanmi m yo laba. Epi se pa jis pou chase ekirèy, e ou konnen sa, ou wè.

30 Kifè nou jis ap pase yon gran moman, e nou rekonesan anvè Seyè a!

31 Mwen dwe ale kounye a, mwen dwe ale lakay mwen apre reyinyon sa a. E alò, epi n ap... Alò m ap retounen ankò, apre yon ti tan, mwen pral New York pou yon reyinyon. E si nou gen chans pou nou rete yon ti kras, ebyen, n ap—n ap kontan fè yon lòt reyinyon isit la nan tabènak la.

32 Epi m ap oblije retounen, lè m ale Shreveport. Epi n ap tounen lakay nou, epi nou vize pou nou isit la pandan jou ferye yo, si Seyè a vle, antan m ap mennen fanmi an tounen. E alò—e alò mwen vle...

33 Alò reyinyon mwen an vini nan Phoenix, nan mwa janvye. Se reyinyon anyèl la pou Òmdafè Kretyen yo. Epi anviwon yon semèn oswa dis jou anvan sa, m pral eseye lwe gwo... moun Non Jezi yo; se te Frè Garcia, e frè Panyòl la—la te gen yon bèl plas la. Yo te fèk bati li. Li ka pran plizyè milye moun, tou nèf, epi asanble yo a piti anpil. Yo te di m mwen ka lwe li nenpòt ki lè mwen vle. Olye pou m jis fè yon—yon toune, jis alantou vale a, de legliz an legliz, mwen panse mwen pral jis konsantre bagay la tout nan yon sèl gwo reyinyon, ou wè, epi genyen l la.

34 E alò nou ka lwe tanp lan. Kounye a nou pral chèche konnen si nou kapab, epi answit gen Konvansyon Òmdafè Kretyen yo. Alò, jiskaske bagay yo vin anfòm pou ale lòt bò dlo, nou pral eseye òganize reyinyon yo nan Sid la, pou janvyè, ak fevriye, ak mas, nan rejyon Sid yo. Epi alò—alò pati...paske, si nou kòmanse kounye a epi n ale ann Afrik...Ou wè, tan Nowèl la, pou yo, se kat jiyè. Ou wè, se—se lapli epi tan an move, epi ou pa ka antre nan tan sa a, kidonk pi bon moman pou antre la se pita. Epi lè sa nou vle kòmanse, si nou kapab, nan Nòvèj, epi travèse mond lan, epi fè yon chimen jouk ann Afrik, pou fini laba, si Seyè a vle.

35 Men koulye a, priye pou nou. E nou renmen ou, e ou konnen sa. Kidonk nou espere odela sa ki depase

abondans, pi wo pase tout sa nou te ka fè, oswa menm panse Seyè a ta fè.

36 Epi nou kwè, aswè a, pral gen yon gwo sèvis gerizon. Mwen kwè pral gen yon... Mwen p ap pale men jis yon ti kras, paske nou gen kominyon aswè a. E kifè nan anviwon ven oswa trant minit, alò nou pral gen liy lapriyè a, epi—epi imedyatman apre sa, nou pral gen—gen kominyon an. Epi ou byenvini pou rete avèk nou; n ap kontan. Nou pa gen yon—yon kominyon fèmen. Se pou chak kwayan, pou chak kwayan.

37 Epi anvan m li Ekriti a, m ap mande si nou ta bese tèt nou jis yon minit. M pral mande bon zanmi m lan, Frè Lee Vayle, si l ap dirije nou nan yon mo lapriyè, pou

Bondye beni Pawòl Li a. Frè Vayle, èske w ap fè sa pou nou?

[Frè Lee Vayle priye kounye a—Editè a.] Amèn.
Akòde li, Seyè. Akòde li, Seyè. Akòde li, Seyè. Wi,
Seyè. Amèn.

38 Kounye a, solanèlman, avèk reverans, n ap pwoche Pawòl la. Kounye a, mwen swete li, maten an, soti nan Egzòd chapit 12 la, epi kòmanse ak vèsè 12 lan, vèsè 12 ak 13 lan, enklizif. Epi koute byen kounye a. E alò anvan kominyon aswè a, n ap li chapit 12 la nan—nan Egzòd, tout chapit la; paske jis vèsè 11 la isit la se preparasyon pou vwayaj la, ak kominyon an anvan vwayaj la. Epi nou vle apwoche sa a ak anpil respè kounye a. Kounye a vèsè 12 nan chapit 12 la:

Paske m ap pase nan mitan peyi Lejip lannmit sa, m ap touye tout premye pitit gason ak tout premye pitit bèt nan peyi Lejip la. M ap jije tout dye peyi Lejip yo: Se mwen menm ki Seyè a.

Epi san an pral sèvi yon siy pou nou sou kay la kote nou ye a: epi lè mwen wè san an, mwen va epaye nou, e epidemi an pa dwe vin sou nou ni gen lide detwi nou, lè m ap frape peyi Lejip la.

39 Se pou Seyè a beni Pawòl Sen li a!

40 Koulye a mwen vle pran yon sijè ki soti ladann, jis yon ti mo senk lèt: *Siy*. *Siy!* Mwen vle pale sou mo a, oswa anseye lesou lekòl dimanch sa a, sou mo "*siy*" lan. Bib la di isit la: "Epi san an pral sèvi yon siy pou nou." E nou vle sèvi ak mo "*siy*" lan.

41 Koulye a nou pa konnen; Lè m ap gade revèy la, epi lè lè a rive, ebyen, sa yo se... Mwen te gen anpil, anpil Ekriti mwen note isit la. Kifè, pa...Epi m konnen ke mwen pa pral avèk nou pou yon ti tan. E ki jan nou fè konnen sa pa pral dènye fwa ke kèk nan nou pral janm rankontre ansanm? Donk, ann eseye apwoche Li ak respè. Mwen konnen ke li difisil. Seyè a ban nou yon bèl maten kounye a tou—tou, pou sèvis la, li jis fè bo. Epi ann eseye konsantre kounye a sou tout sa ki—ki pral di, pou ke...si gen yon bagay ladan l Seyè a ta vle w konnen, pou L ba ou li.

42 Epi nou pa isit la jis pou yo wè nou. Nou pa janm vin isit la jis pou lòt moun ka wè ki bèl rad nou mete sou nou. Oswa... Nou menm, nou vin isit la pou yon sèl bagay, jan frè nou an te di l nan lapriyè sa a: "Nou isit

la pou tande Pawòl la, Pawòl la k ap vin jwenn nou an."

Nou vle Sa, paske se sèl bagay ki pral vle di yon bagay pou nou, yon bagay ki pral enpòtan, yon bagay ki—ki pral ede nou.

43 Epi nou se yon pèp k ap mouri. Tout èt imen ap dirije yo nan direksyon Letènite. E alò nou gen ti tan sa a pou pran desizyon nou sou ki kote nou pral dirije nou. Epi wout la devan nou; nou ka pran nenpòt kote nou vle chwazi. Se konsa Li plase Adan ak Èv, e se konsa Li plase nou.

44 Nou dwe sonje, kèlkeswa sa nou fè, oswa kèlkeswa siksè nou genyen, nan lavi, san Kris, nou totalman pèdi tout bagay. Kidonk si Li, apre... Si Li se tout sa ki genyen pou nou espere, alò nou ta moun ki pi san konprann pou nou pa aksepte Li, se, epi—epi cheri Li.

Non sèlman aksepté Li, men ou rive nan yon bagay ki pi gran pase sa. Apre w fin jwenn Li, pa pran L epi mete L sou etajè a. Ou dwe itilize L.

45 Se tankou w al kay yon doktè pou yon medikaman, epi ou mete l sou etajè a. Si w al chache medikaman an, pran medikaman an. Si gen yon maladi k ap deranje w, e remèd sa a sipoze ede w, pran sa li ba w la; e jis fason li preskri l la, paske pafwa jis kèk minit ka fè anpil diferans nan fason pou bay li a. E kijan nou konnen...

46 Men, nan ka sa a, jodi a, jis yon moman nan desizyon w ka detèmine destinasyon Etènèl ou a. Pran l jan Li ba ou l la.

Yon siy, "San an pral sèvi yon siy pou ou."

47 Kounye a, dabò, ki sa yon siy ye? Se yon mo ke yo itilize souvan pami noumenm moun ki pale angle yo, espesyalman isit la ann Amerik. Yon siy se yon...Vrèman, diksyonè a di ke yon siy se yon endikasyon, li se yon siy yon pri tikè, ke pri a peye, ou wè; ke pri tikè a—a, oswa yon pri, yon pri obligatwa ke yo te peye.

48 Tankou yon pri tikè sou yon ray tren oswa yon pri tikè sou yon liy otobis. Ou antre epi ou peye pri tikè w, epi answit yo ba ou yon siy, epi siy sa a pa ka depanse pou okenn lòt bagay ke nan liy tren sa a. Epi li se yon siy, pou konpayi tren an, ke ou te peye pri tikè ou la. Li se yon siy, epi ou pa ka depanse li pou anyen lòt. Li pa travay sou okenn lòt liy. Li jis travay sou liy sa a sèlman. Epi li se yon—se yon siy.

49 Koulye a, isit la, sa n ap pale a, kote nou kòmanse a, se Bondye ki di Izrayèl: "San ayo a va sèvi yon siy pou ou." Ayo Izrayèl te touye a se te siy Jewova te egzije l. Li dwe san an. Bondye fè yon siy epi li bay Izrayèl li. Epi okenn lòt siy p ap fonksyone, ou wè, yo pa ka rekonèt li.

50 Pou mond lan, Se yon pakèt moun sòt. Men, pou Bondye, Se sèl mwayen. Sèl bagay li mande se Siy sa a. Li dwe la. Epi ou pa kapab genyen Siy lan jiskaske yo peye pri tikè a, lè sa a ou se yon moun ki posede Siy lan ki ba ou privilèj yon pas gratis. "Mwen va wè San an, Mwen va epaye w." Ala yon tan, sa, ala yon privilèj, pou konnen ke ou pote Pas la, anndan ou. "Lè Mwen va wè San an, Mwen va epaye w." Se sèl bagay Li pral rekonèt. Pa gen lòt bagay ki ka pran plas Li; pa

gen okenn ranplasan, pa gen okenn denominasyon, pa gen okenn lòt bagay. Sa pran Sa. Bondye di: "Se Sa sèlman Mwen va wè."

51 Kèlkeswa jan yo te jis, jan yo te bon, konbyen yo te enstwi, jan yo te abiye, siy lan se te sèl bagay la. "Lè Mwen va wè siy lan, Mwen va epaye w." San an se te yon siy ke sa Jewova te egzije a yo te respekte l, ke yo te fè l. San an te sèvi kòm siy lan. San an te siy lan. Ou wè? Lavi ki...

52 Bondye te di: "Jou ou manje l, jou sa a w ap mouri." Epi te gen lavi yon ranplasan yo te pran pou lavi kwayan an. Bondye, nan mizèrikòd, te aksepte yon ranplasan pou lavi moun ki souye a. Lè pitit li a te souye tèt li ak peche, nan pa kwè Pawòl la, Lè sa a Bondye, ki rich nan mizèrikòd, te bay yon ranplasan; e, se te,

yon bagay te dwe mouri nan plas li. Pa gen okenn lòt bagay ki ta ka fonksyone.

53 Se poutèt sa pòm Kayen ak pèch li yo, ak lòt bagay, pa t fonksyone. Li te dwe yon lavi ki te gen san ladan l, epi lavi a te dwe soti nan sakrifis la, e lè sa a, san an te yon siy ke yo te akonpli lòd Bondye a. Kounye a, ki sa Bondye te egzije? Lavi a; e san an te montre ke te gen yon lavi ki te ale. Kifè san an te siy ke lavi a te bay, ke yon bagay te mouri, egzijans Bondye; ke yo te bay yon lavi, epi san an te koule. Epi san an te sèvi kòm siy lan, ke lavi a te ale. Lavi animal ke Bondye te di ke yo te dwe pran an, se te san an ki te sèvi kòm siy lan. Ou wè?

54 Yo te idantifye adoratè ki te kwè a—a—a ak sakrifis li a, pa siy lan. Mwen pa vle rete twò lontan sou ti

sitasyon sa yo, men, ke nou ta ka pran tout sèvis la sou youn nan yo, men mwen vle rete isit la yon ti moman pou eksprime sa. Yo te dwe idantifye kwayan an ak sakrifis li a. Ou wè? Se pat jis yon sakrifis epi—epi li te bay li, epi yo te ofri l yon kote; men li te dwe idantifye nan li. Franchman, li te oblije poze men l sou li, an premye, pou idantifye tèt li ak sakrifis li. E alò yo te mete san an kote li te kapab kanpe anba san an. San an te dwe anlè li. E se te yon siy ke li te idantifye tèt li, kòm yon koupab, e li te pwouve ke yon ranplasan inosan te pran plas li.

55 Ala yon bèl pòtrè! O, yon rachte! Ou wè, jistis te fèt, e egzijans jistis sen Bondye a te satisfè. Epi Bondye di: “Kounye a, mwen reklame lavi w,” lè lavi a—a—a te peche. Lè sa a yon ranplasan inosan te pran plas li. E

se te san yon bèt; pa yon pòm, yon pèch. Sa ta dwe absoliman fè semans sèpan an sitèlman klè pou tout moun, ke se te san. E san sa a, ki pa t kapab soti nan yon fwi, soti nan yon ranplasan inosan. Epi lavi a te soti, tou—tou, nan plas li, e san an te yon senbòl ke bèt la te mouri epi san an te soti.

56 Epi adoratè a ki te aplike san an sou tèt li, li te montre li te idantifye l nan redanmsyon an, paske li te idantifye tèt li ak...nan sakrifis la, li te konekte tèt li ak sakrifis la, epi san an te sèvi kòm siy lan.

57 Ala—ala bèl bagay! Ala yon pòtrè sa ye! Se yon tip pafè Kris la, jis egzaktman, kwayan an jodi a ki kanpe anba San ki te vèse a, idantifye ak Sakrifis la. Jis osi pafè ke—ke sa kapab, nan jan Kris sa, ki pa—pa yon animal...Ou wè, animal la—la te mouri, men li te...

58 Bagay ki pi inosan nou genyen an, mwen kwè, se animal la—la, ayo a—a. Lè Bondye te vle idantifye Jezikri, Li te idantifye Li ak yon Ayo. E lè Li te vle idantifye Tèt Li, Li te idantifye Tèt Li ak yon zwazo, yon Kolonm. E kolonm lan se li ki pi inosan ak pi pwòp nan tout zwazo yo, e ayo a—a se animal ki pi inosan ak pi pwòp nan mitan tout zannimo yo. Kifè nou wè lè...

59 Jezi te batize pa Jan, e Bib la te di: “Epi—epi li te wè Lespri Bondye a, tankou yon kolonm, k ap desann sou Li.” Kidonk, si se te yon...Si se te yon lou, oswa si se te nenpòt lòt animal, nati kolonm lan pa t ap kapab melanje avèk nati lou a, ni tou nati kolonm lan pa t ap kapab melanje ak okenn lòt animal eksepte ayo a. Epi de nati sa yo te vin ini, alò yo te kapab dakò youn ak lòt.

60 Kounye a, èske nou wè predestinasyon an? Se te yon ayo lè li te vini la. Ou wè? Ou wè? La...Se te yon ayo lè yo—lè yo te pote l. Se te yon ayo. Li te fèt yon ayo. Yo te elve l, tankou yon ayo. Ou wè?

61 Epi, kidonk, se sèl kalite yon vrè Lespri ki kapab resevwa Pawòl la, ki kapab resevwa Kris. Rès lòt yo va eseye, yo te eseye jwenn Li, epi mete Lespri Bondye a sou yon lou, ou wè, ki kolerik, move, mechan. Li p ap rete la. Sentespri a jis vole touswit. Li pa pral fè l.

62 E si Kolonm sa a te desann, epi, olye Li te yon Ayo, se te yon lòt animal? Li ta pran vòl Li byen vit epi retounen. Ou wè? Men lè Li te jwenn nati sa a ke Li te kapab melanje avè l la, Sa jis vin fè Youn.

63 E alò Kolomb la-la-la te te kondwi Anyo a, e, remake, Li te kondwi Anyo nan labatwa. Bon, Anyo a te obeyisan a Kolonb la. Wè? Pe enpòt ki kote Kolomb la te kondwi L, Li te vle ale.

64 M mande, jodi a, lè Bondye kondwi nou a yon-yon-yon vi dabandon total epi de sèvis a Li menm, mwen mande si lespri nou kèlke fwa pa rebele, sa yon ti jan montre ke, mwen mande m si nou se yon anyo? Wè? Wè? Yon anyo se obeyisan.

65 Yon anyo sakrifye tèt li. Li-li pa-li pa pran, reklame sa ki pou li. Ou mete l kouche epi w tonn lèn ki sou li a. Se sèl bagay li genyen. Li pa janm-janm di anyen sou sa; li jis sakrifye tout sa l genyen. Sa se yon anyo. Li bay tout bagay a ...li bay tout bagay, tèt li ak tout sa l ye.

66 E sa se fason yon vrè Kreyen ye, si yo se...sakrifye pwòp tèt yo, yo pa trennen anyen pou mond sa, men yo bay tout sa yo genyen a Bondye. Wè?

67 E kounye a sa se te Anyo pafè a, Kris te sa. E donk atravè sakrifis anyosa, anyo natirèl la an Ejipt, san an te aplike, e, lè sa te fèt, li te reprezante yon siy, alò kisa San Anyo sa reprezante? Wè? Siy ke nou mouri a nou menm e idantifye tèt nou ak sakrifis nou an. Wè? Alò, Anyo a epi San an ak moun nan vin idantifye ansanm, Sakrifis la ak kwayan. Wè, you idantifye nan vi w, pa Sakrifis ou a. Sa fè de ou sa w ye a.

68 Donk san an se te yon siy, oubyen yon idantifikasyon. San an te idantifye ke adoratè a te imole agno a, epi li te aksepte anyo a, epi aplike siy la a li menm, ke I pa t wont. Li pa t kè de kiyès ki te wè I. Li te vle ke tout moun wè I, e li te plase nan yon tèl pozisyon ke tout moun ki t ap pase ta va wè siy sa.

69 Wè, anpil moun vle Kretyen, e yo-yo-yo vle fè I sekretman afen ke pèsòn pa ta-ta konnen ke yo se Kretyen. Oubyen, asosye avèk ki yo soti, kèk ladan yo ta panse, “Ebyen, bon, gade, m-m-m vle yon Kretyen, men M pa vle *entèl-entèl* konn sa.” Wè ? Ebyen, bon, ou wè, Sa pa kretyènte.

70 Kretyènte dwe afiche Siy li a, wè, piblikman, nan lavi piblik, nan travay, nan lari, lè pwobèm ap pwoche, nenpòt kisa, nan legliz, tout lòt kote. San an se Siy la, e Siy la dwe aplike, wè, oubyen (si I pa aplike) alyans la pa aplikab.

71 San an te yon siy, oubyen yon idantifikasyon, li idantifye ke moun sa te rachete. Bon, oke, remake, yo te genyen, yo te rachete avan ke te gen anyen ki te parèt. Pa lafwa yo te aplike san an. Wè, avan ke I te parèt an reyalyte, san an te aplike pa lafwa, yo te kwè ke sa ta pral rive. Wè? Avan ke kòlè Bondye te pase atravè peyi a, san te aplike, an premye. Li te twò ta aprè ke kòlè a te fin tonbe.

72 Kounye a nou gen yon leson la ke nou kapab vrèman, petèt pote nan lespri nou, jis yon moman.

Gade, *avan* li te pase, paske pral rive yon tan kote w pa p kapab gen okenn San ki aplike.

73 Yo te tiye anyo a nan tan diswa, aprè ke yo te gade l pou katòz jou. Aprè yo te tiye anyo a epi san an te aplike nan tan diswa. Ou konprann sa? Siy la pa t janm vini a legzistans jisko tan diswa.

74 E sa se tan diswa laj ke n ap viv la. Se tan diswa pou-pou Legliz. Se tan diswa pou mwen. Se tan diswa pou Mesaj mwen an. M ap mouri, m prale. M ap sede plas mwen, nan tan diswa Levanjil la. E nou soti nan jistifikasyon, elatriye, men sa se tan ke Siy la dwe aplike. M te di nou dimanch pase ke m te vle pale nou de yon bagay; se de sa. Tan kote w-w jis pa kapab jwe avè L. Li dwe fèt. Si jamè li va fèt, fè l kounye a. Paske, nou kapab wè ke kòlè a prèt pou l pase atravè peyi a, e tout bagay ki pa anba Siy sa pral peri. San an, te idantifye w. Remake.

75 Paske san yon animal la pa t kapab retounen sou yon imen. Lè san te vèse, lavi te soti ladan l, paske evidaman se te yon inite. E lè lavi san an te soti ladan l, lavi a te diferan de san...Bon, san se pati chimik de lavi a, men lavi a se yon bagay diferan de san, pa kont lavi a *nan* san an. E lavi animal la pa t kapab retounen sou adoratè a. Lè li te vèse san anyo sa, li te dwe aplike pati chimik la, paske la-lavi te soti e l pa t kapab retounen.

76 Paske, li pa t kapab vini sou yon imen, paske lavi yon animal pa gen yon nanm. Yon animal pa konn si l

toutouni, e li-li jis... Li pa reyalize peche. Li pa konn anyen, kidonk, li se yon kreyati vivan men pa yon nanm vivan. Pa konsekan, lavi animal sa pa t kapab retounen sou yon lavi imen, paske l pa t genyen yon nanm nan lavi sa. Bon, gen yon lavi, yon san; yon lavi, e yon nanm nan lavi a; nanm nan se nati lavi a. Pa konsekan, li pa t genyen yon nati patikilye, li te yon animal, kidonk san an te reprezante yon siy ke lavi a te bay.

77 Men nan espas gloriyez sa, anba alyans sa, gen yon diferans ant San an epi Lavi a. Siy la pou kwayan jodi a se Sentespri a; pa yon san, yon pwodwi chimik, men Li se Sentespri Bondye a. Sa se Siy ke Bondye egzije de Legliz jodi a. Bondye dwe wè Siy sa. Li dwe wè L nan chaken de nou.

78 Ensi, a mezi ke lonbray tan diswa yo ap parèt, e kòlè a prèt pou l devèse soti Anwo, sou nasyon enpi yo, epi sou enkwayan enpi yo, sou moun k ap pwofese san yo pa posede yo, sou bagay sa yo! E m-m eseye ouvri tèt mwen epi viv ak dwati ladan l, pou wè ki kote l pozisyone, avan ke m te di bagay sa yo. Kounye a n ap viv nan lonbray yo, e kòlè a prèt pou l frape, e Bondye egzije yon Siy ou menm pèsònèlman te resevwa Siy Li a, Sentespri a. Li se sèl fason, e sèl siy ke Bondye pral jamè epanye, paske L se literalman Lavi Jezi Kris ki retounen nan kwayan an.

79 Lavi animal la pa t kapab retounen, pa konsekan yon san te oblije plase sou pòt la, sou lento a epi sou poto pòt la; pou ke tout pasan, piblik la an antye, tout moun ki ap pase bò kay la, te konnen ke te gen yon -

yon siy sou pòt sa, de san, ke yon vi te mouri nan pòt sa. Amèn!

80 Sa se fason ke I dwe ye ak chak kwayan jodi a, ranpli ak Sentespri a; yon Siy ke San sakrifis Anyo a, ke Lavi ki te nan Anyo a, te retounen epi sele piblikman pa anndan, ke tout moun k ap ase, k ap pale avèk ou, ki gen nenpòt ki asosiyasyon avèk ou, k ap wè ke San an te aplike, e ke Siy Lavi ki te nan San sa sou ou. Ou sove anba kòlè a. Sa sèlman, pa yon adezyon. Non, mesye!

81 Lavi animal la pa t kapab retounen sou kwayan an, paske I te yon animal, e li sèlman pale de yon konsyans, li montre ke te gen yon Sakrifis pafè ki ta pral vini.

82 Epi, kounye a, kijan ta fè gen yon Sakrifis pi pafè ke Bondye Li Menm ki vin yon ekspiyasyon, Li menm? Lè Bondye te vin lachè, nan pwòp San kreyatè Li a, ke se...sèl fason ke lavi Bondye a ta kapab janm retounen.

83 Paske, nou tout te fèt pa sèks, e kidonk lavi ki anndan vini de mond la, e lavi sa pa pral kanpe. Se yon bagay ki deja jije epi kondane. Ou pa kab kole pyese I. Pa gen okenn fason pou kole pyese I. Pa gen okenn fason pou-pou polise I. Pa gen okenn fason pou amelyore I. Li dwe mouri! Sa se sèl egzijans ki genyen. Li dwe mouri.

84 Epi Sibstiti a, yon Lavi Jezi Kris, te vini nan ou, ki se Sentespri a, Siy Bondye a; Ke w te aksepte San Fis li a, Jezi Kris.

85 Pa konsekan, nan jou Wesley yo oubyen...Jou Luther yo, moun te panse, “pou kwè.” Nan jou Wesley yo, “Pati chimik San an.” Men sa se dènye jou a, kote ke S-Siy la egzije. Sa fè, ansanm, inite a antye pou Anlèvman an. Ou konprann? [Asanble a di, “Amèn.”—Ed.]

86 Dlo, san, ak lespri soti lè yon manman akouche yon bebe, Premye bagay ki soti, nan yon nesans natirèl, se yon dlo, dezyèm bagay se yon san, e lòt bagay la se lavi.

87 Laba nan kò Senyè Jezi Kris nou a te soti: dlo, San, epi Lavi. E Legliz la an antye, Epouz la, te pase atravè jistifikasyon, sanktifikasyon, e batèm Sentespri a, ki se Siy la.

88 Tankou Ebre 11 di, “E tout sila yo ki t ap ere ak po mouton epi po kabrit yo, e ki te san resous, e tout bagay sa yo ke yo te fè, poutan yo pa t rive a la pèfeksyon san nou.

89 E Legliz la nan jou sa, ki te resevwa Siy la, de batèm Sentespri a, ke San te sakrifye e ke Sentespri a sou Legliz; san nou, alò, yo pa kapab resisite. Men yo depann de nou, paske Bondye te pwomèt ke Legliz ta p genyen L, e ap gen yon moun ki rive laba a. M pa konn kiyès li va ye, men gen yon moun ki va resevwa l. Sèl bagay ke m responsab, se pou preche L. Se zafè

Bondye pou chèche semans predestine sa. L ap laba a, malgre tou. Paske, yo tout ap laba a, chak grenn ladan yo, youn ak lòt; laj dlo a, laj San, e kounye a laj Siy Sentespri a.

90 E, sonje, Izrayèl pase atravè anpil bagay, men se te nan tan diswa ke siy la te egzije; pa nan maten; pa nan preparasyon an, nan katòz jou konsèvasyon anyo a. Izrayèl te konnen ke gen yon yon bagay ki t ap vini.

91 Se menm jan Luther te konnen l, se menm jan Wesley te konnen l, se menm jan Finney, Knox, Calvin, te konnen l. Sa se Li! Yo te konnen ta p vin gen yon tan ke Kolòn de Fe a t ap retounen nan Legliz la. Yo te konnen t ap vini yon tan kote bagay sa yo t ap rive, yo pa t viv pou wè l, men yo te antisipe l.

92 Izrayèl te konnen yon bagay t ap vini, men se te nan tan diswa lè ke san anyo a, siy la, te plase sou pòt la. Poutan, anyo a te gentan prè.

93 Se te toujou Anyo a depi kòmansman an. Se te Anyo a nan tan Luther, se te Anyo-Anyo a nan tan Wesley, men kounye a se tan Siy la kote chak kay dwe kouvri ak Siy la. Chak kay Bondye dwe kouvri ak Siy la. E Kay Bondye a se kò Jezi Kris, e pa yon Lespri nou tout te batize nan Siy sa e nou vin yon pati de Li, ke, Bondye te di, “Lè mwen wè Siy sa afiche, M ap epanye w.” Gade yon lè kote n ap viv kounye a! O!

94 Yon san te idantifye, te idantifye kwayan, paske lavi a te soti, li pa t kapab retounen, donk li te dwe gen yon-yon pwodwi chimik. Li te dwe gen tankou yon penti, yon

san, yon pwodwi chimik ki montre ke lavi te soti ladan l.

95 Kounye a lespri a li menm se Siy la. Sentespri a Li menm se Siy la, se pa san an. San an te vèse sou Kalvè, se vre. Men San an, osi lwen ke li rive, retounen nan eleman kote l te soti a, de nouriti ki fè l viv. Men, ou wè, anndan selil San sa te gen yon Lavi ki kòmanse fè selil San sa bouje. Se li te...Pwodwi chimik la pa t gen Lavi nan li, li menm, kidonk li pa t kapab bouje. Men lè Lavi rantre nan pwodwi chimik san an, Li te fòme yon selil. Li te fòme Pwòp selil li, answit selil aprè selil, answit li vin yon Nonm. E Nonm sa se te Bondye, Emanyèl, nan lachè. Men lè ke Lavi sa te retounen, pwodwi chimik la te ale ladan l, men Siy la se Sentespri a sou Legliz, ke yo wè Kris.

96 Se oblije, paske yon fi ak mari l vin youn. Yo vin youn. E, menm jan Epouz la ak Kris vin youn. Ministè Epouz la, ak ministè Kris la, se menm bagay. E sonje, “Ansyen trete sa yo, O Theophile, m te ekri w, ke Jezi kòmanse fè e kontinye fè.” Lanmò l pa t stope l. Non, mesye! Li te retounen. Pa yon twazyèm pèsòn, men menm Pèsòn la te retounen ankò sou fòm Sentespri a, pou kontinye travay la; e kontinye avanse, Liv Ak yo te di. “Jezi Kris menm yè, jodi a, e pou tout tan.” Sa se Siy la. Sa se siy la.

97 Lè Pyè ak Jan te pase nan pòt ki rele Labèl la, te gen yon nonm ki te kouche laba ki te paralize, bwate depi nan vant manman l, e li te di, “M pa gen lajan ak lò; men sa ke m genyen an, m ba ou. Nan non Jezi kris

de Nazarèt, leve e mache.” Wè? E moun yo te pale avèk yo, e moun yo te konnen ke yo te dèzòm inyoran e analfabèt , men moun yo te remake ke yo te mache avèk Jezi. Wè, Siy la te laba a, li te afiche. Wè? “Sa ke m genyen!” Li t ap gade yon pòv, frè ki te kouche laba a andikape e defigire, elatriye. E menm Lavi sa ki te nan Kris te nan yo, “Sa ke m genyen.”

98 “Nan Non Mwen ou va chase demon yo.” Pa, “*Mwen pral.*” “*Ou pral!*” “*si ou di montay sa!*” Pa, “*Si Mwen di.*” “*Si ou di a montay sa!*”

99 O, frè, lè pou Siy sa afiche a ap pwoche. Nou kapab wè sa. Nou konnen ke nou pwòch lafen kounye a. Nou te pote tout kalite mesage, pou montre siy ak mirak yo, e kounye a nou retounen isit la pou sa ke Legliz la sipoze fè. Siy la dwe afiche. “Lè Mwen wè san an, M ap epanye w. Anyen dot pa p fonksyone. Se dwe San an. Kounye a, Sentespri a se Siy nou an, de Bondye.

100 Tankou yon gran tewolojyen, yon-yon eridi, yon frè Batis, bon nonm, bon karaktè, lè li te vin jwenn mwen yon fwa, e li te di, “Frè Branham,” li te di, “w ap pale de Sentespri sa,” li te di, “poukisa, se pa anyen de nouvo.” Li te di, “Nou te anseye L kontinyèlman, atravè laj yo.” E m-m te di, ebyen, m pral...Li te di, “Nou te resevwa Sentespri a.”

101 M te di, “Ki lè w te resevwa L?”

102 Li te di, “Lè m te kwè.” Paske, m te konnen ke sa se te yon tewoloji Batis, ke ou, lè w kwè, ou resevwa Senstepri a.”

104 “ Lè li te travèse kot siperyè Efèz la, li te jwenn kèlke disip, e l te di yo, ‘Èske w te resevwa Sentespri a *depi* lè w te kwè? Yo te di, ‘Nou pa konn egzistans yon Sentespri.’” Answit li te mande kijan yo te batize. E yo pa t batize nan Non Jezi kris, Anyo sakrifye a. Yo pa t idantifye avèk Li, ditou. Yo te jis kwè l; tankou yon medikaman ki poze la, e pa t pran l. Pòl te kòmande yo pou yo batize ankò, nan Non Jezi Kris.

105 E lè li te fè sa, aprè Siy la te vini sou yo. Yo te idantifye pa zèv ak siy Sentespri a, pale an lang atravè yo menm, epi profetize, epi manyifye Bondye. Yo te idantifye ak-ak sakrifis yo a.

106 E Sentespri a se idantifikasyon nou. Se sa ki idantifye nou antan ke Kretyen. Pa adezyon nou nan legliz yo, pa konpreyansyon nou de Bib la, pa konbyen nou konnen de Bib la. Se konbyen nou konnen de Otè a, wè, a kèl pwen Otè a ap viv nan ou. Se tèt-tèt ou disparèt, Ou pa egziste ankò. Ou konsidere tèt ou mouri, e Siy la se sa k ap viv nan ou. E Se pa lavi pa w, Se Li menm.

107 Pòl te di, “Lavi ke m ap viv kounye a (Li te viv yon vi diferan de sa l te fè otrefwa.) se pa mwen, men Kris k ap viv nan mwen.” Sa se Siy idantifye ke Bondye egzije a. Idandifye ak ...idantifikasyon avèk Sakrifis nou a, Lavi Sovè nou an nan nou, Sentespri a.

108 O, ala yon-ala yon Siy pozitif! Pa kapab gen okenn lòt Siy. Olala, si sèlman w te kapab w sezi panse li a. Si m te gen pouvwa maten sa avèk pawòl y, pou

eksprime epi plase nan nanm ou ki sou...pa zorèy ou yo, men nanm ou, e ou-ou kapab wè garanti de Li. Li-li pran, li rann ou si tèlman alèz.

109 E si w te, si w te komèt yon krim, e w ta pral plede devan lakou federal. E w konnen, ke si yo te rekonèt ou koupab, ke w ta pral mouri, ou ta pral sou yon chèz elektrik, oubyen chanm a gaz, oubyen pe enpòt egzekisyon piblik ke yo t ap ba w la, petèt pandezon, elatriye, lenchaj, pe enpòt sa penalite a te ye. E ou konnen ke w te gen...Ou te koupab. Ou konnen ke w te koupab, e w dwe mouri si w pa gen kèk avoka pou reprezante w, pou ke w kapab soti nan sitiyaasyon an. E kounye a ou ta vle meyè avoka w kapab jwenn.

110 E donk ou pran yon avoka ki se yon bon, avoka rize, ou ta p santi ke dosye w la yon ti jan...ou t ap kapab relakse w yon ti kras, paske w gen yon avoka. Men malgre sa ou ta p gen yon kesyon a savwa si avoka sa t ap kapab chanje opinyon jij sa, oubyen chanje jiri a; si avoka sa avèk langaj rize epi konesans li genyen de lwa yo, t ap kab chanje sa, e kab plede dosye w la epi prouve ke-ke w dwe viv. Men malgre sa, nan tout gran otorite li a e gran deklarasyon ke l te kapab fè, e enpresyon li te kab fè sou jiri a oubyen genyen sou jij la, ou-ou ta p-ou t ap...Petèt ou te kab relakse w pou kèlke minit, men toujou, t ap gen yon kesyon nan lespri w, “Èske l kab fè sa?”

111 Men nan ka sa, Jij la Li Menm vin Avoka w. Bondye vin yon nonm. Pa gen okenn avoka ki te kab fè sa. Nou pa t kab jwenn menm youn. Moyiz, e Llwa a, profèt yo,

anyen pa t kab fè l. Alò Jij la vin alafwa Jiri, Avoka, e Jij Li Menm; e L te pran jistis Lwa Li a nan Pwòp men Li yo, e L te peye pri a, Li Menm. Konbyen plis an sekirite nou kapab ye? E L te voye Pwòp Lavi L retounen sou nou, kòm yon temwen ke Li te aksepte l. Kèl sekirite!

112 “Wi, menm si m mache nan vale a lonb de lanmò, m pa pè okenn mal, paske W avèk mwen.”

113 Lè Li von alafwa Jij, Jiry, e-e Avoka, Li te plede dosye nou an. Nou, te trouve koupab pa pwòp Lwa Li a; e L te vini e pran plas moun ki te koupab la, se te nan sanktyè a. Li te pran peche li a. Li te pran l sou Li menm, e L te mouri, e L te peye pri a, e L te vèse San Li, e L te bay ankò Pwòp Siy Li a, Pwòp lavi Li.

114 Poukisa, nou pafètman. Dosye a ranvwaye. Pa gen okenn peche nan kwayan an ankò. O Bondye, gen pitye, si moun yo pa kab wè sa, ke pa gen dosye ankò. “Sila ki tandè Pawòl Mwen e kwè nan Li ki te voye Mwen, gen Lavi Etènèl, e pa pral vini nan Jijman, men pase de lanmò a Lavi.” Sa se dosye a. Dosye a ranvwaye! Pa gen okenn dosye ladan l. Amèn! Donk an sekirite, an sekirite avèk Siy la aplike, lè lanmò kòmanse frape kont pòt la a nouvo deyò a, li pa gen okenn kontròl. Wè? Wi.

115 Siy la aplike. Se sèlman Siy la ki rekonèt kounye a. Wè, Li te fè afen ke Siy la te kab vini. Siy la se te Lavi Bondye.

116 E lè Bondye te fè premye nonm nan, Li te fè l yon fis. E fis la te tèlman kòronpi ke l te koute madanm li

nan plas Bondye, e madanm lan te koute dyab la nan plas mari I, e lè sa te fèt, li te tèlman kòronp toulède ansanm, ke I te pote polisyon. E Li (Bondye-E.D) te konnen, ke lè yo te fè sa, yo t ap oblije fè timoun pote nan mond la. Fwi nan mitan jaden an pa t menm dwe touche, e, alò, lè sa te rive, yo te ramne peche sa sou tèt yo. Pa konsekan ras imen an antye, ki te fèt, te nan peche. La, pa gen okenn fason pou chape.

117 E alò Bondye te desann. Gen yon sèl fason pou rekipere I, se pou retounen yon fis a li menm ankò. Kounye a kijan Li ka fè sa, lè Pwòp Lwa li te kanpe laba e te di li “Kondanne”? Donk Papa a Li Menm devni youn nan nou. Sa se vrè Anyo a. Sa se pwojè L te gen nan lespri L.

118 Sa se rezon ke Anyo a te tèlman idantifye nan jaden Eden la, konesan ke Anyo a ak Kolonb la t ap rankontre a yon moman, lè Anyo a ak Kolonb t ap reyini ansanm. Se lè sa L te konnen, atravè sa, nou tout kapab vin ansanm. E Li te dezire fè sakrifis sa, kounye a, pou ke Siy la ta kab aplike, ke nou pa ekstraterès ankò, nou pa etranje ankò, men kounye a nou se fiy ak fis de Dye. Adan ak Èv toulède, fi a ak gason an, reyini ansanm, yo se dè fis e dè fiy de Dye, nan Jezi Kris, pa gran sakrifis Li a.

119 E, donk, pou ke pa gen okenn erè! Semans lavi sa dwe plante nan tè a, de kò sa ki se yon-yon semans perisab; e lavi a, si se yon lavi pèvèti ki nan semans la, I ap peri ak semans la. Men Li mete Lavi Etènèl ladan I e te idantifye I an tan ke Posesyon L, ke nan

rezireksyon an L ap resisite li, e anyen pa pral pèdi. Èske ou wè sa m vle di a? [Asanble a di, “Amèn.”—Ed.]

120 Vwala, li pa kab peri kounye a. Lavi demere sou li. Li se yon Siy, Li demere sou ti kò sa, Li demere sou ti nanm moun sa. Gen yon Siy laba a, Sentespri a, ki apatyen a Bondye. Se Li. “Lè M wè Siy la, m ap epanye w.” Yon Siy pozitif, Sentespri a se Siy nou an. Pa konsekan, lè w resevwa Sentespri a, ou pase de lanmò a lavi. Se tout sa li ye, paske Lavi a nan ou. Ou pa kab janm peri.

121 Bib la te di, “Sila ki te ne de Bondye pa komèt peche, paske li pa kapab peche, paske Semans Bondye a,” amèn, “semans Bondye demere nan li.” E kijan li kab peche lè ke Bondye san peche a nan li? Lè li nan yon Bondye san peche, kijan l kab peche? Pe enpòt sa l te fè, San an te kouvri l. Wè? Li se yon nouvell kreyati kounye a. Dezi l yo ak anbisyon l yo vini de Syèl la, paske l chanje de yon **pòch** a yon epi. Dezi l yo pa menm jan yo te avan, e li afiche l.

122 Ou di, “O, m kwè Sa.” E w kontinye peche? Non! Ou te sedwi. Wè? Li pa kab afiche anyen dot ke Siy la.

123 Izrayèl te kondane pou rete anba san sa jiskaske lòd pou mach la vini. “Pa soti anba l!” Yon fwa ke yo te anba Siy la, Yo te sele ladan l. “Pa kite l!” Yo te rete dirèk laba jiskaske minwi te frape e ke tronpèt yo te sonnen. E lè tronpèt yo te sonnen, ansyen kòn belye yo te kòmanse sone, chaken te mache soti avèk pwovizyon l, li ta prale nan tè pwomiz la.

124 Se konsa pou yon nonm oswa yon fanm ki ranpli ak Sentespri a, li sele, e li prezève de tout malè ak tout danje. Vi l nèt montre kilès li ye, kèlkeswa kote l mete pye l, kèlkeswa tranzaksyon li fè, kèlkeswa avèk moun l ap pale a. Lè l vin an kominikasyon avèk fanm yo, lè l antre an kominikasyon avèk kolèg li yo, lè l antre an kontak avèk nenpòt bagay, Siy sa toujou layite la. Amèn! Lè lanmò rive: ``Mwen pa pè okenn male, paske W avèk mwen,`` Siy sa layite la. Lè lè rezirèksyon an rive, li va la, paske Bondye va resisite l nan dènye jou a. Jezi te di sa! Lè Mwen va wè San an, Siy lan, Mwen va epaye w.`` O!

125 Sonje, si siy sa pat parèt, alyans lan menm te anile. Se vre. Alyans lan te anile. Pat gen—pat gen alyans osi lontan ke siy sa pat la. Siy lan te reprezante alyans lan. Bondye te fè yon alyans avèk yo, wi, mesye, men siy lan te dwe la. Li pat pran efè, alyans lan pat pran efè, amwens ke siy lan te la.

126 Te ka gen anpil Jwif ki te ka di: ``Vin isit la! M pa mete okenn san sou pòt mwen, men mwen vle montre w yon bagay, mwen se yon Jwif sikonsi.`` Sa pat vle di sa. [Frè Branham klake dwèt li—Editè a.] ``Lè Mwen va wè san an! Lè Mwen va wè siy lan!``

127 Ou ka di: ``Mwen se yon Batis, Presbiteryen, Metodis,`` oswa nenpòt sa w vle ye a.

Men, ``Lè Mwen va wè Siy lan!``

128 Ou di: ``Mwen se yon kwayan. Manman m te yon manm nan legliz sa. Papa m te yon manm nan legliz

sa. M te yon manm la depi lè m te timoun.`` Sa pa vle di sa. [Frè Branham klake dwèt li—Editè a] ``M pa manti, m pa vòlè. M pa fè sesi. Mwen...`` Sa pa vle di sa. [Frè Branham klake dwèt li.] ``Mwen se manm Branham Tabernacle. Mwen fè *sesi*, *sela*, oswa se lòt bò. Mwen kwè tout Pawòl la.``

129 Jwif sa yo te ka di: ``Mwen kwè nan Jewova!`` Li t a koute Mesaj pou lè a, si l te kwè li. Se sèten.

Yo te gen anpil mesaj, men Sa se te Mesaj pou lè a. Ou wè? Mwen kwè Mesaj pou lè a. Wi. San an te aplike nan tan aswè a.

Yo ta ka di: ``Mwenmenm, mwen se yon Jwif.``

130 Moun di Jodi a: "M se yon kretyen. Mwen ka montre w kat de manb manch long mwen an. Mwen vle w di m ki kote m te janm vòlè yon bagay, kote m te janm al nan tribinal. Montre m kote m te janm fè adiltè, ke m te janm fè tout bagay sa yo, oswa yon bagay konsa. Montre m yon sèl kote." Sa pa vle di anyen kounye a. Oh, non. Ou wè, kèlkeswa enpòtans alyans li te

genyen an, alyans lan pa gen efè. Li pa efikas. Ou di:
“Oke, mwen se yon etidyan Labib.”

131 Sa pa deranje m kiyès ou ye. San alyans sa a, kòlè Bondye a sou ou. Se vre. Li ratrape w. Ya. "Peche w yo pral kontre avè w." Kisa peche ye? Enkredilite. Ou pa t kwè mesaj la. Ou pa t kwè Pawòl la. Ou pa t kwè temwen Siy lan, Li menm, lè L te idantifye L nan mitan nou. Epi ou pa t kwè sa? Pe enpòt nan ki pwen ou pa kwè l, li te dwe aplike.

132 Ou ka di: “M kwè Li. M kwè Li. M kwè li se Verite a. M aksepte L kòm Verite a.” Kidonk tou sa se byen, men ankò fòk li ta dwe aplike.

133 Kidonk, Juif sa a te kanpe la, li t ap brase san an, pandan ke ayo a t ap senyen, epi t ap di: “Sa a se Jewova.”

134 Epi men yon prèt te kanpe la a, li t ap di: “Wi, mesye, M kwè se vre,” men li pa t aplike l sou pwòp kay li. Li pa vle idantifye l la ba a ak gwoup sa a; non, mesye, fanatik sa a ak san an sou pòt la. Li pa vle idantifikasyon sa a. Kèlkeswa wotè prèt la te ye, konbyen li te konn Pawòl la, konbyen li te byen elve, ki zèv li te fè, kantite lajan li te bay pòv yo, kantite bagay li te sakrifye!

135 Pòl te di: “M bay kò m pou te boule, kòm sakrifis; bay tout byen m' pou pòv yo manje; M gen lafwa pou m ka deplase mòn, elatriye; epi pale an lang, tankou moun ak zanj; ak tout lòt bagay sa yo,” epi li di, “M pa anyen jiskaske Siy lan te finn aplike. Jiskaske Siy sa a!” Se de sa ke m ap pale aswè a, lanmou. Ou wè?

"Kounye a, jiskaske sa a te finn pa aplike, m pa anyen."

Ou wè?

136 Sa pa fèm anyen, ke w ta ka chase move lespri.

Ke w ta ka geri malad yo pa lapriyè lafwa w. Ke w ta ka

fè tout bagay sa yo. Men si Siy sa a pa la, ou anba kòlè

Bondye. Ou ta ka yon kwayan. Ou ta ka kanpe dèyè

chè a epi preche Levanjil la. " Anpil moun pral vin kote

m, epi di: 'Seyè, Seyè, èske m pa t pwofetize nan non

w, èske m pa t preche nan non w? Èske m pa t chase

demon nan non w?" Sa se yo tout Metodis, Batis, ak

Pannkòt. Jezi te di: "Wete kò n sou mwenn, nou menm

k ap komèt inikite. M pa janm menm konnen w."

137 "Men, lè m wè siy la, m ap pase anlè tèt ou." Se

egzijans Bondye pou lè a. Mesaj tan diswa a, se aplike

siy lan.

138 Satan vinn ak tout sòt de kontrefason, bay lan men, ak yon bann prèv, e tout bagay konsa. Bliye sa! Lè a rive pou ke Siy lan, Li menm; pa kèk imitasyon, swadizan-kwayans, ranplasman, nenpòt sa l ye a.

139 Lè a rive kote Siy la li menm ap idantifye l pami nou, e l pwouve ke l se menm Jezi ayè, jodi a ak pou tout tan, e li dakò ak Pawòl la. Li dwe aplike. Yon nonm ki di ke l gen siy la, e refize Pawòl sa a, alòs sa k ap fèt? Ou wè, ou pa ka fè l. Siy lan fèt pou l ta dwe la. "Lè mwen...san an pral yon siy pou ou." Kounye a, Sentespri a, lavi ki te nan san an, se yon siy pou nou. M ap vinn sou li nan yon moman, ou wè. Sentespri a se Siy la. Afè a klase. Wi mesye. Koulye a, sonje. Epi mwen...

140 Pe enpòt, kisa w ye, kijan w bon, konbyen fwa ou te sote-ponpe, nan konbyen legliz ou te fè w manb, kantite bon bagay ou te fè, sa p ap menm vle di yon bagay pou ou si Siy lan pa aplike. Sa a se tan diswa a. Sa te mache byen nan epòk Litè a, sa te mache byen nan epòk Wesley a, men li p ap mache kounye a. Non.

141 Ya, itilize Ayo a te byen lè sa a. Sila yo ki te mouri lè sa a, anvan Ayo a te aplike, san an, se te diferan. Wi mesye. Yo te kontinye akòz de yon bon konsyan. Yo ta p jije si yo—yo te...

142 Si yo te predestine, sa te frape yo. Si sa pa t rive, sa pa fè t. Se tout. Se jis Bondye. "Li—Li jistifye moun li vle, Li gen pitye pou moun li vle, epi Li kondane moun Li vle." Li se Bondye. Se tout. "Li gen pitye pou moun Li gen pitye, epi li kondane moun li vle kondane."

143 Pa sikonsizyon an, yon jwif te kab montre aklè, ke l se yon kwayan.

144 Gen anpil moun, dè zòm total kapital, ki ka pran Bib sa a epi di, “M se yon kwayan, e Jezi te di 'pa lafwa' nou sove. Epi m se yon kwayan, men batèm Sentespri a se yon blag.” Kidonk Siy lan pa aplike. Pe enpòt, konbyen li kwè, li anile.

145 Menm jan ak sikonsizyon jwif yo. Li di: “Mwen se yon jwif. Poukisa m oblije ale anba a la a epi aji tankou lòt bann fanatik sa yo?”

146 Moyiz ap kanpe, toupatou nan lari a, ap di: “ Mesaj tan diswa a rive! Li pral akonpli apre katòz jou, ou va reyini tout pèp la, epi touye Ayo a. Tout asanble Izrayèl la va touye l, ap met men yo sou li, ap identifiye yo ak li. Epi san an pral endike sou poto a, ak sou lento pòt

la, epi, 'Lè m wè san an, m'ap pase anlè tèt ou, paske se yon siy ke w te aksepte lanmò Ayo a ke mwen te dispoze pou ou.'" San an se te siy lan.

147 Kounye a Lespri a se Siy lan. "Ou va ranpli ak Sentespri a nan pa lontan." Epi lè san an te koule, yo te voye Siy la desann nan Jou Pannkòt la, tankou yon van vanyan k ap kouri.

148 Se te eslogan chak apot. Se te, "Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè? Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche yo, epi n ap resevwa don Sentespri a, paske se yon Siy, amèn, ke nou te pase de lanmò pou n vinn gen Lavi. "

Men kote w ye. Lè Jan sa a-...legliz Jwif sa a te disparèt, moun lòt nasyon yo te pran plas la, epi

pèvèsyon sa a konsa; kounye a li soti, pou al chache rès moun nasyon yo, poutèt Non Li, Epouz la.

149 Ou wè sa m vle di? Gad de kisa Ekriti a ap pale la a? Si siy lan pa t afiche, alòs alyans lan pa t ap efikas.

Ou wè? Li dwe efikas. Paske, si w di ou kwè, epi w pa swiv enstriksyon yo nan Pawòl la, kidonk, ou pa kwè.

Ou wè? Menm si w te sikonsi, menmsi w te fè w manb epi w te batize, ou te fè tout bagay sa yo konsa; se toujou pa Siy lan, Sentespri a.

150 Entelektyèl debyen sa a t ap pale avè m, jan m te di a sa gen yon ti tan. Li te di: “Billy,” li te di, “Abraram te kwè nan Bondye, e l te asiyen a jistis. Kisa nonm sa a ta ka fè anplis ke kwè nan Bondye?”

151 M te di, “Se vre, Doktè. Se jis. Li te kwè Bondye vre. Bib la di sa. Ou gen rezon. Osi lwen ke w te ka ale, ou gen rezon.”

152 Osi lontan ke—yo—douz espyon yo, ke yo te voye yo pou yo al espyone peyi Kanaran an, toutotan yo t ap avanse nan direksyon Kanaran, yo t ap antre an fòs; men lè yo rive nan limit la, Lè sa a, yo te rejte.

153 M te di: “Nou menm, Batis, nou kòrèk, osi lwen ke n ale, men èske nou te resevwa Sentespri a depi nou te kwè? Han an. Mwen te di: “Sonje, Bondye te rekonèt lafwa Abraram. Li—li te kwè Bondye, e yo te enpite l kòm jistis, se vre, men answit Bondye te ba l so sikonsizyon an, kòm yon siy, yon siy a limenm.” Se pa ke kò li, ki te sikonsi, te gen yon bagay pou wè ak nanm

li, men se te yon siy ke I te (Bondye te) rekonèt lafwa li.

154 Epi Li ban nou siy lan, Sentespri a, ke Li rekonèt nou kòm kwayan. Paske, “Repanti, epi batize chak nan nou nan Non Jezikri pou padon peche nou, epi nou va resevwa don Sentespri a. Paske, pwomès la se pou nou!”

155 Nou wè kote m ye kounye a. Juif yo, kèlkeswa jan yo te kab pwouve ke yo te sikonsi, men Siy la te dwe montre. Si se pa sa, alyans lan pa t vre. Li pa t vre.

156 Menm bagay la kounye a, menm bagay. Kèlkeswa sa w fè, pe enpò konbyen ke w kapab, ou ka eksplike Bib la. Ou ka yon etidyan Labib. Oh, lala! Ou te dwe— ou ta ka di, “Mwen se yon kwayan, ak tout bagay.” Men,

toujou Siy lan obligatwa. Yon etidyan Labib, ou di, "M te yon bon moun, Frè Branham."

157 "Ki mele m sa nenpòt moun di, ou pa ka kanpe devan nonm sa a. Mwen pa janm wè l 'fè anyen ki mal, nan lavi mwen." Sa pa gen anyen pou wè ak Bondye. [Frè Branham klake dwèt li—Ed.] Gen yon sèl egzijans, e se sèlman sa!

158 Epi w pa kapab fè sa. Ou pa ka mete san an sou lento pòt la, kote, siy la pa t 'kab la sòf si Ayo a te mouri. E san an te yon siy pozitif ke Ayo a te mouri. Se pa swadizan- kwayans; Ayo a te mouri!

159 Epi Sentespri a se yon Siy pozitif ke Ayo w la te mouri epi w te resevwa Siy la sou wou, paske Lavi L menm nan wou. Ou wè? Pa gen okenn fè sanblan- kwayans. Pa gen okenn atifis. Pa gen okenn imitasyon.

Li la a! Ou konnen I. Ou konnen I. Mond lan konnen I.
Siy lan la a.

160 Kèlkeswa jan moun nan te bon. Li ta petèt yon etidyan Labib. Li ta ka yon...Li ta ka nenpòt jan de yon—yon bon manm legliz. Li ta ka yon bon moun. Li ta ka yon—yon chèf denominasyon. Se ta ka-yerachi Wòm nan. Mwen—mwen pa kon kiyès li ye, li pa—sa pa fè de li anyen.

161 Men, Izrayèl, nenpòt etidyan Labib konnen pèp Izrayèl la se te egzakteman yon tip Legliz la, pou tè pwomès la. Epi se la I ap dirije I.

162 Men, lè tan di swa a te rive, epi vwayaj la te kòmanse, te gen yon sèl egzijans solanèl. Kèlkeswa jan I te yon bon jwif, jan I te byen kenbe rekòt li yo, ki jan li te byen okipe vwazen yo, kantite bagay li te fè, ki

jan l te yon bon manm, ki kantite dim li te peye. Tout bagay sa yo te byen. Sa te kòrèk. Li te yon bon moun, li te rekonèt pami pèp li a, kòm yon bon moun. Men, san siy san an, li te peri.

163 O, ke Bondye ede m, a lafwa nan moman aktyèl la epi sou kasèt yo, pou m byen fikse sa a!

164 Pe enpòt, ou te kab preche Levanjil la, ou te ka chase move lespri yo, ou te kab pale nan lòt lang, ou te gen dwa rele byen fò, danse nan Lespri a, men san Siy lan. Ou di, "Èske m ka fè li?"

165 Pòl te di ke w kapab. "Menm si mwen pale an lang tankou lèzòm ak zanj, menmsi m bay tout byen m yo pou nourri pòv yo, kò mwen pou boule tankou yon sakrifis, m gen lafwa pou deplase mòn yo, ak bagay sa yo, mwen pa anyen ankò." Pa konte sou sa. Se siy lan!

Kèlkeswa kantite bagay ou te fè, kouman w se yon bon moun; lè kòlè Bondye a ap flache, li pral sèlman rekonèt siy lan.

166 Se yon siy ke pri a te peye, sa ki te reklame a. Epi pri a ki te peye a se te lavi Jezikri, e li te bay lavi li. Epi Lespri Li tounen sou ou, kòm yon siy ke w te resevwa. Epi w pote Siy lan avèk ou, lajounen kou lannwit, pa sèlman le dimanch. Se tout tan an, ou gen Siy lan. "Lè mwen...san an pral yon siy pou nou."

167 Ou di: "Mwen toujou kwè. Mwen se yon kwayan." Se kòrèk. Men, si ou rejte Siy lan, lè sa a ki jan w pral vinn yon kwayan? Li pale kont ou. Ou wè, li pale kont temwayaj ou, sa ke w fè.

168 Etidyan Labib, bon moun, manm legliz, kèlkeswa sa w ye a, pa vle di anyen. Wi mesye. Petèt papa w se

yon predikatè. Petèt—manman w te yon sen.
Petèt...Sa a—sa a se kòrèk, yo dwe reponn pou
yomenm. Tankou m te di a, eseye ...

169 Moun yo eseye fè Bondye tounen yon gwo, vye,
gra, granpapa gato, ou wè, ak yon pakèt pitit pitit, jis
tankou ti Rickys ak Elvise yo, epi, "Pa gen okenn mal
nan yo."

170 Se pa Bondye! Li pa gen pitit pitit. Li se yon Papa.
Ou dwe ne de nouvo! Li pa yon gwo nounous tou mou.

171 Li se yon Bondye jijman. Bib la di ke se sa L ye.
Kòlè Li enpitwayab. Pa pilonnen sa epi atann ke bonte
Bondye yon jou pran w, nan peche w, epi mennen w
nan syèl la. Si L ta fè sa, li ta eskize L de tout bagay sa
yo isit la, epi L ta pran Èv. W ap kwè Pawòl Li a, oswa

w ap ... w ap peri. Epi lè w kwè Pawòl Li a, Siy la ap sou wou. Han-han.

172 Lanmò te pare pou frape Lejip lannwit sa a, a nenpòt ki lè. Se te yon tan laperèz; tout seremoni yo a, tout jou fèt yo, ak jou jèn yo.

173 Bondye te vizite yo. Bondye te montre gwo siy ak bèl mèvèy li yo nan mitan yo. Kisa sa ye? Koulye a, ann kanpe yon minit. Bondye te montre yo gras li. Li te ba yo yon chans.

174 Yo pa t 'kab refize Li. Yo te di: "O, pa gen anyen ak sa. Sa se blag. Se jis yon bagay ki anwo chit dlo yo, te gen yon eksplozyon— labou wouj ki vole soti, e se sa k te fè lanmè a wouj." Apre sa, lagrèl te vini. Epitou, krapo yo te vini. Bondye te prepare yon kote, e li te met

Pawòl Li nan bouch yon pwofèt. Epi sa li te di a, li te rive, yo te wè l. Yo pa t kab renye l.

175 Sa Moyiz te mande a, se sa Moyiz te resevwa nan men Bondye, paske li te sèlman pwononse Pawòl Bondye a. Li te di: "M pral fè de wou yon dye." Moyiz te yon dye pou yo. Ou wè? Yo pa t konn okenn diferans, konsa Li te di: "Ou pral yon dye, e Arawon pral pwofèt ou. Ou wè, ou pral tankou yon dye, paske mwen pral pran w, vwa w, epi mwen pral kreye avè w. Mwen pral pale, epi pèp la pa ka nye l, paske sa ap fèt la menm. Sa w di a pral rive." Oh, lala! "Mwen pral montre w bagay sa yo." O lala! Epi Lejip te wè sa. Yo te wè li jis anvan tan diswa a, oswa jis nan tan diswa a a.

176 Li te montre yo bonte Li. Li te montre ke L te kapab retire l, geri.

177 Majisyen yo te eseye fè menm bagay la, imitatè yo. Ou toujou jwenn yo. Te gen Jannes ak Janbrès, yo te kanpe la a. Men, lè l kesyon de vrè bagay la, yo pa t genyen l. Se vre. Yo fè yon ti avanse, yon ti tan. Men, apre yon ti moman, foli yo te manifeste.

178 Epi èske Bib la pa di menm bagay ki pral rive nan dènye jou yo, “jan Jannes ak Janbrès te reziste a Moyiz”? Men foli yo a te parèt aklè, e se konsa sa pral ye ankò. Ou wè? Men li, moun ki gen lespri pervèti, moun ki repwouve konsènan Laverite, Reyalite a. Yo te ka gen kongregasyon ak bagay grandyoz, e ekstraòdinè, gwo bagay plen flè byen wo yo, men lè a pral finalman rive.

179 Rete fèm ak Siy lan! Se sa ke Bondye vle nou fè.
Akwoche w a pawòl Li. Pa bouje de li. Rete dwat ak li.
Bib la te di sa.

180 Lanmò t ap frape. Bondye te gen mizèrikòd pou
yo, li te montre pouvwa ak siy yo.

181 Kounye a, ann kanpe jis pou yon ti moman oswa
de, sou revèy sa a. Ann jis tounen reflechi nan lespri
nou, sa Li te pwomèt ki t ap rive nan dènye jou yo. M
ap mande m si n pa jis ap verifye pou nou, tou. Ou wè?

182 Li te fè tout bagay sa yo, e poutan yo pa t gen dezi
pou yo repanti, ni kwè mesaj pou jou yo a. Yo toujou
pa t vle fè l, kwake li te ekspoze devan yo, epi yo te fè
yo konnen asireman.

183 Epi lè w wè bagay sa yo ap rive, se yon siy jijman
k ap vini. Jijman pral swiv bagay sa yo. Li toujou fè l,

epi sa pa pral gen okenn eksepsyon. Ou wè? Jijman swiv gras. Lè la gras meprize, pa gen anyen ki rete eksepte jijman. Kidonk li pral toujou swiv.

184 Kounye a, senaryo a. Chak bagay espiyèl se yon siy ki vinn de Bondye. Fè atansyon. Remake sa, ou wè. Siveye, chak evennman espiyèl, tout sa k ap pase, se yon siy. Nou pa la pa aksidan. Bagay sa yo jis pa rive pa aksidan. Se yon siy. Li se yon siy, pou mete w—mete w an sekirite, byen vit. Noe te yon siy pou jenerasyon I lan; Eli te yon siy pou pa I la; Jan te yon siy pou pa I la. Ou wè? Tout bagay, Mesaj pou tan an, se yon siy. Obsève I , gade sa I ap fè. Ou wè? Se yon siy. Tout bagay gen yon siyifikasyon.

185 Epi a okenn lòt moman tip Mesaj sa a te janm rive. Li pa t kab vini nan epòk Litè a, li pa t' kab vini nan epòk

Wesley a, li pa t kab vini menm nan epòk Pannkòt la. Li pa t 'kab fè l. Ou wè? Pa gen okenn... pa gen okenn bagay konsa ki te rive, e poutan yo te pwomèt nou li nan Bib la. Ou wè? Nou rive nan fen an. Pa gen anyen ki ka rive, li pa t kab rive jouk lè sa a. Epi l ap rive pou yon siy. M ap Mande m kisa Siy lan ye?

186 O, ti moun, frè m, sè, vin anba Siy sa a, byen vit. Ou wè? Pa, pa pran okenn derechanj. Penga, penga, penga, penga w fè sa. Ou wè? Pa jis imajine w li. Rete la a jiskaske w konnen ke Siy lan aplike, jiskaske (tout oumenm) lespri ki te nan Kris la nan ou, jiskaske tout sotiz nan mond lan ale, ou wè, jiskaske tout dezi kè a se limenm. Ou wè? Sètalò, ke w konnen, lè sa a, ou konnen ke gen yon bagay k ap pase. Jezi te di: "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo," pa swadizan kwayan yo,

men moun ki kwè yo. Ou wè? Koulye a, nou pa vle pran okenn, okenn chans ak sa; ou pa dwe fè sa.

187 Mesaj lè a se yon siy pou legliz yo. Se yon siy pou moun yo. Eske... èske w, èske w sezi l? [Kongregasyon an di, “Amèn.” — Ed.] Mwen espere, sou kasèt la, y ap fè menm bagay la, ou wè, ak lòt pati nan monn lan. Ou wè, siy lè a isit la. Gen yon Siy ki dwe aplike, epi pa gen okenn lòt lè li te kab rive.

188 Remake preparasyon Bondye pou tan sa a. Kounye a, kòm nou konn sa ke Bib la te di, “Tout bagay sa yo te rive pou sèvi nou egzant, ou wè.” Remake, lè Bondye te pare pou jije peyi Lejip, an premye li te fè yon preparasyon. Kisa l te fè nan yon premye tan? Li pa janm chanje lòd li.

189 Premye fwa a, lè I te gen, lè L te fè preparasyon L, li te voye yon pwofèt avèk yon mesaj. Premye bagay li te fè pou pèp li a se te voye yon pwofèt ak yon mesaj.

190 Pwochen bagay li te fè, pou I te idantifye pwofèt sa a, li te voye yon kolòn dife pou idantifikasyon, pou I te idantifye sa.

191 Epi twazyèm bagay li te voye a se siy la. Se egzakteman sa. Siy la, ki sa siy la vle di? Asirans!

192 Premyèman, pwofèt Li a avèk mesaj la; Li te idantifye L pami... ak yon—ak yon kolòn dife avèk pwofèt Li a; answit, li voye yon siy, pou antre anba san sa a, ke li te aksepte ranplasman lanmò sa a nan plas ou. Kidonk, san an se te yon siy ke I te gade, ke w te tandè mesaj la, ke w te kwè nan kolòn dife a, epi yo te aksepte ranplasman ke li te founi pou wou a, epi ou te

anba san chimi lavi an menm ki te soti pou ou. O lala!
Ala bagay sa a pafè, ou wè, ou anba san an.

193 Kounye a ou anba Lespri a, anba Lespri Sen an.
Ou wè? Ou wè? Ou kwè Mesaj pou jou a, ou wè, ou
kwè— — —pouvwa a, — —kolòn dife a. Ou kwè sa, ou
wè, e ou kwè.

194 Kounye a, kounye a gade, jis kwè se pa ase. Pa
pou—pou...Mache toutotou kote Li ye, se pa ase. Ou
wè, sa se fè w vin pi mal, "Paske yon moun ki konnen
sa k byen pou fè, epi ki pa fè l, pou limenm se peche."
Ou wè , kwayan frontalye sa yo, Jezi te pale de menm
bagay la.

195 Ebre, 6yèm chapit la,

"Paske li enposib pou moun ki te

yon fwa eklere, ki goute don selès

*la epi vin patisipan a Lespri Sen
an, ki te goute bon Pawòl Bondye
a, e pwisans mond k ap vini an,
epi ki tonbe, p ap kab renouvle tèt
yo ankò nan repantans; paske yo
te krisifye Pitit Bondye a pou yo
menm. epi meprize alyans san an,
ak kisa yo te sanktifye...”*

Se Chimi an ki sanktifye. Se pa siy lan. San an se pa siy lan kounye a. Vi a se siy lan.

196 Vi a pa t kab la a, paske se te yon bèt. Chimi a te siy lan, ou ta dwe gen san literal aplike sou pòt la. Men koulye a, se Lespri Sen an. N ap rive sou sa, jis nan

yon moman, pou pwouve sa, ou wè. Se Vi a ki se Siy lan.

197 Vi w te fini, epi w te mouri, e vi w te mouri. Ou kache nan Bondye, atravè Kris la, epi sele anndan pa Sentepri a. Lespri ki te nan Kris la nan ou. Epi Kris la, ak Bib la, ak Pawòl la, se menm bagay la.

*"Nan konmansman an te Pawòl la,
e Pawòl la te avèk Bondye, e
Pawòl la te Bondye."*

Lè sa a, ou menm, ak Pawòl la, ak Bondye, ak Kris la, se menm bagay la.

*"Epi si nou rete nan mwen, epi si
Pawòl mwen an nan nou, mande
sa nou vle, sa ap fèt." Ou wè?*

198 Li met pouvwa a nan bouch Moyiz dirèkteman, pou li al la ba a ak Pawòl Li a epi pou l pale, epi krapo vini; pale, krapo ale; pale, pou vini; pale, lavi-pou ale. Amèn!

199 Men apre sa siy la te egzije pou tout pèp Izrayèl la. Siy sa a te reklame a tout pèp Izrayèl la. "Epi lè m wè siy la, mwen pral pase anlè tèt ou." Oh,lala, lala! Ala yon asirans!

200 pèp Izrayèl la soti nan peyi Lejip, se te yon tip, de antitip jodi a. Lejip te legliz la, e Izrayèl te reprezante Epouz la. Epi menm jan pèp Izrayèl la soti nan peyi Lejip, se konsa Epouz la soti nan legliz la. Ou wè? Paske, dwe gen yon bagay la pou ki fè l soti, epi Li dwe met kò l deyò, si l te yon tip. Legliz la anba a nan peyi Lejip, nan mond lan e nan peche, epi li pa sousye l yon—yon—yon ti kras de Siy ou a. Yo pa menm kwè

L. Men, pèp Izrayèl la te renmen I, paske se te delivrans pou yo. Oh! Oh! Li ta dwe fè nou kontan, ta dwe fè kè nou... Oh!

201 Aplike I, egliz! Koulye a, pa fayi. Èske w vle kounye a? Penga, penga, penga w kite solèy la kouche. Penga, penga, penga, penga w repoze, lajounen kou lannwit. Pa pran okenn chans. Sa pap mache, timoun yo. Sa p ap mache. Ou dwe gen siy la!

202 Ou di: “Mwen kwè. Wi, mwen ale. Mwen, ya, mwen kwè Mesaj la. Mwen...” Se kòrèk, men, sa—sa se byen.

203 Men ou dwe gen Siy lan! Eske w tande, Branham Tabernacle? Ou dwe gen afiche siy la parèt! San li, tout kwayans ou yo se pou granmesi. Ou wè? Ou pral viv yon bon vi; ou tande sa Pawòl la di; ou al legliz; ou

eseye viv dwat; sa se byen, men se pa sa. "Lè mwen wè san an," sa a se siy la. Epi siy la la a pa...

204 Akòz de, kisa, Li—Li te dwe wè chimi reyèl la, paske Vi a te ale, li...te soti nan li, se te yon bèt.

205 Men la a Se Pwòp vi Li ki te nan San an. Epi chimi a te sèlman yon siyal oswa yon siy sanktifikasyon, men Vi a li menm se siy lan; paske san sikonsizyon an, san siy lan, ou pa menm nan alyans lan. Bagay la tout antye ap travay ansanm. Si w di ke w sikonsi a Pawòl la, e a limenm sèlman, alòs ou pral kwè Pawòl la; si w kwè Pawòl la, Lè sa a, Siy la gen pou vini, paske li te di,

“Repanti, epi batize chak nan nou nan

Non Jezikri pou padon peche yo, epi n

ap resevwa don Sentespri a. .”

Se la a ou ye. Oh, lala!

206 Remake preparasyon pou pèp tè pwomiz li a. Remake sa I te fè. Premyèman, li te gen yon pèp ke li te prepare yon peyi pou yo. Li te prepare yon tè pou yo. Epi kounyeya, li voye anba a la yon preparasyon pou pèp tè pwomiz lan. Se te sèlman pou moun ki te predestine pou tè pwomiz sa a, jou Epouz la. Epi ki jan I te fè sa, li te voye yon pwofèt ak yon mesaj, li te idantifye I pa yon kolòn dife, epi li te bay yon siy ke yo te ka rete asire ke I te egzak. Se vre. Se te konsolasyon I.

207 Izrayèl, pandan yo t ap soti nan peyi Lejip lè sa, te yon–yon tip. Sa a se antitip la, Legliz k ap soti nan denominasyon yo. Bon, yo tout pa denominasyon. Mwen vle di Lepouz. Ou wè? Gen moun, genyen kèk nan endepandan yo ki osi pa bon ke denominasyon yo, pafwa pi mal menm.

208 M ap pale de Siy ki aplike. Siy lan dakò ak chak Pawòl. Ou wè? Li oblije, paske Se Pawòl la. Se Vi ki te nan Pawòl la. “Pawòl Mwen yo Espirityèl; Yo se Lavi,” Jezi te di sa. Ou wè?

209 Kan Moyiz te kòmanse ministè Li an Izrayèl, ak gwo siy, ou wè, Izrayèl rapidman te rasanble soti patou nan peyi Lejip, pou vin nan Goshenn, pou ap tounen lakay, paske yo te konnen gen yon bagay ki te sou pwen rive. O, ala yon tip!

O, yo soti nan Lès ak Lwès,

Yo soti nan peyi byen lwen, (se vre, nou te tande kantik la)

Pou fete ak Wa a, manje antan ke envite L,

Ala beni peleren sa yo beni!

Ap admire fas ranpli ak glwa Li a

Ki ap briye avèk Lanmou Diven;

Patisipan ki beni ak gras Li,

Antan ke pèl k ap briye nan kouwòn Li

O, Jezi ap vini byento,

Lè sa eprèv nou yo va fini.

O, sa k t ap rive si Seyè nou an ta vini nan moman sa

Pou sila yo ki libere de peche yo?

O, konsa èske sa t ap pote lajwa pou ou,

Oswa tristès ak gwo desepsyon?

Kan Seyè nou an va vini nan lajlwa,

Nou va rankontre L anwo anlè a.

210 Demonstrasyon Siy lan! “E Mwen va resisite I nan dènye jou yo.” Sètènman! Nou nan jou sa yo.

211 Pèp la te rasanble nan Goshenn. Yo te prè. Yo te konnen gen yon bagay ki te sou pwèn rive. Yo te jis tankou...

212 Pran kana yo, kan se tan pou yo rasanble, yo tout vole ansanm. Kan abèy, tout lòt bagay, yo prè, gen yon ensten ki atire yo.

Sentespri a atire moun yo!

213 O, kan se va moman pou gwo kòlè Bondye a tonbe, tout...Men 2 kana, mal ak femèl. Men 2 zwa, mal ak femèl; men 2 cheval, mal ak femèl; yon bagay kèlkonk t ap atire yo, predestine yo. Lòt rès yo peri. O! Lòt rès yo peri! Men sila yo ki te santi atirans sa pou yo antre a, yo te konnen ke lach sa te prepare. Se te yon siy ke lapli ta pral vini. Yo te konnen ke te gen lapli ki ta pral vini, pe enpòt sa demonstrasyon an te ye epi sa lòt moun te panse. Yo te konnen.

214 Te gen yon bagay anndan yo, ki t ap di, “Antre la, rapid vit! Antre la, paske se sèl kote ki pral ofri sekirite.” Paske, Bondye te prepare yon pwofèt, Li te voye lach la kòm yon siy, ki te di, “Antre la,” e lapli a te nan wout.

E yo te antre drèt la, 2 pa 2. Tout bèt yo te antre, 2 pa 2, anndan lach la, paske yo te desann anba a. Pe enpòt sa rès yo...

215 E tout sa ki te deyò lach sa te peri. Tout sa ki andeyò Siy lan, Sentesrpri an, ap peri.

216 Pe enpòt jan sa bon, kantite manm legliz! Te gen yon pakèt nan yo nan tan Noye. Te gen yon bann nan yo nan tan Moyiz; men yon nonm ki te echwe aplike san an, antan ke siy, sa ke I te ye, li te peri. Sila yo ki te echwe antre nan lach la, te peri. Sila yo ki te echwe vini nan Kris, paske Li se Lach la!

217 Premye Korentyen 12, di, "Pa yon sèl Espri nou tout te batize nan yon sèl Kò." Kò mistik la, pa legliz; men kò mistik la, pa denominasyon yo; Kò mistik Jezikri a! "Pa yon sèl Espri," E-majiskil-s-p-r-i, Espri, "nou tout te plonje nan sèl Kò sa a." Lè sa Siy lan sou pòt la, paske ou nan Kris. E Li te Sila, Sakrifis ou a, Ki te pran jijman an. E kan Bondye gade bagay sa, Li paka fè anyen. Ou senpleman osi sove ke sa posib, paske Bondye ak Kris se toutafè menm Moun lan, Espri a te fè L chè e li te abite pami nou. Epi men Bondye avèk Pwòp Tèt Li, epi nou menm, Pwòp pitit Li, nan Kò a. Men ni, pa yon bagay chimik, men Espri a! "Mwen va epaye w."

218 Yo te soti patou nan peyi Lejip, pou rasanble yo nan sèl plas sa a, pou yo te ka anba siy sa a.

219 Yo soti nan Methodis, Batis, Prezbiteryen, Lityen, Pannkotis, tout lòt bagay, pou antre anba Siy lan. Jis egzakteman tankou sa te ye lè sa!

220 Se te yon Kolòn Dife ki te reprezante la. E youn te di lòt, e, premye sa w aprann, men yo tout ki te kòmanse vini, e yo t ap obsève siy Bondye a. Yo te di, “Jijman an pwòch.”

221 Lè sa pwofèt la te di, “Mwen te tandè Vwa Bondye. Va gen yon siy. Mete san an sou pòt la. Sakrifye ayo a, mete san an sou pòt la, e sa va yon siy, paske lanmò sou pwèn frapè.”

222 Pèmèt mwen di nou jodi a, antan ke sèvitè Li, se sèlman si Siy lan sou pòt la, sinon lanmò esprityèl va frapè. E tout legliz yo ap dirije yo tounen nan–nan konsèy, Konsèy Mondyal Legliz. Yo tout ap retounen nan Katolik. E se sèlman sila yo ki vrè tout bon yo, ki ne de nouvo, ki va rete andeyò sa!

223 Sonje, se pa denominasyon Pannkotis nou yo, paske yo deja ladann. Sa montre ke yo mouri! Y ap peri. Yo sakrifye yo. Yo te retounen. Yo te mete L a leksteryè pòt la, men L ap chache Siy lan. Paske, sèl bagay yo repoze yo sou li se te pale an lang.

224 Piga w repoze sou ankenn pale an lang, ankenn lòt bagay. Men kite Siy lan Limenm vin la, Moun lan Jezikri, Pwòp Vi L nan ou. Piga w jis sikonsi sesi, sela; men sikonsi tout èt ou nèt, jouk oumenm ak Kris vin Youn. Kris nan ou, epi Vi Li ap viv atravè oumenm.

225 Bon, kounye a, soti nan tout peyi Legip! E gade la, pandan n ap remake sa yo te fè, pandan n ap obsève tan k ap vini an, yo te bannou lòd fè menm bagay la. Èske w te konn sa? Obsève sa pwofèt la te di.

226 Nou pral li kounye a, si w vle swiv, nan Ebre chapit 10. E si w vle li avè m, mwen vle li youn oswa de vèsè la kounye a anvan nou kontinye. Ebre chapit 10, annou kòmanse avèk vèsè 29 Ebre chapit 10 la. Non, mwen...Ann gade. Ya. Wi, mesye! Ebre, chapit 10, vèsè 26, ou wè.

Paske si nou fè ekspre nou peche apre nou te fin resevwa...

227 Ann gade, èske m pran sa kòrèkteman? Ya. Se byen. Wi.

...Si nou fè ekspre nou peche apre...nou te fin resevwa konesans laverite, pa gen ankenn sakrifis pou peche ki rete.

Men yon atant tèrib pou jijman an, flanm endiyasyon, ki va devore advèsè a.

Remake la! Moun ki te meprize Iwa Moyiz la te konn mouri san mizèrikòd sou depozisyon de osinon twa temwen:

...se pa tikras plis sevè pinisyon an, sipoze ye, ke sa va ye, pou moun sa ki te pyetinen anba pye I-- anba pye I Fis de Dye, epi...ki te konsidere...san alyans lan...ki te sanktifye I la, tankou yon bagay

ki souye, pou I te meprize Espri gras la ki soti nan San an?

228 Minis, manm, moun de byen, moun moral, pe enpòt sa w ye a, ou konnen Bondye te delivre w de sigarèt. Fanm yo, nou konnen Li te debarase nou de ti bout pantalon, ak-ak cheve koupe, ak tout bagay, debarase w de...Ou konnen Li te fè sa. Men si w vire tounen pou meprize, epi konsidere San alyans sa, jan Sa te ye a, "tankou yon bagay souye," poutan Ki te sanktifye w epi mennen jiske la!

229 Tankou espyon yo, si yo te rive jouk la nan fwontyè a, pou ap gade, epi di, "Ebyen, m konsyan ke se la, men obstak la twò gwo. Nou parèt tankou ti sotrèl," yo te peri nan dezè a. Kwayan fwontalye!

230 Piga w rive *jouk* isit la, pou ap di, "Mwen kwè Mesaj la." Obeyi a mesaje a. Vin nan Kris! Ou va di, "Ebyen, mwen kwè chak Pawòl ki te pwononse, Frè Branham." Se byen, men sa jis-sa jis vle di ou ka li.

231 Pran Mesaj la, pran L nan kè w, pou w ka gen Siy lan, Lavi menm ki te nan Kris la vini nan ou. "Kan Mwen va wè Sa, Mwen va epaye w."

232 Pandan n ap obsève gwo siy tan-lafen an sou tè a jodi a, nou konnen ke se sa. Bon gade, mwen te ret tann pou sa a, pandan trè, trè lontan, pou te pote Mesaj sa a ba ou. Ou wè? E nou te wè siy tan-lafen yo. Epitou mwen te preche nou Sa, pou montre nou Li, ak tout sa Kris te di. Èske se vre? [Kongregasyon an di,

“Amèn.”—Editè a] N ap admèt sa? [“Amèn.”] Nou nan tan-lafen. Mwen pa wè anyen ki rete.

233 Ou di, “E mak bèt la menm sa k rive?” Sila yo ki rejte Sentespri a bèt la deja make yo. Pinisyon an ap vin pita. Ou wè?

234 An Izrayèl, kan twonpèt la te konn sonnen nan lane Jibile a, tout moun...Remake Kris, pandan, pandan n ap li sa? Li te jis li mwatye ladan l, paske sèlman mwatye te aplike pou tan sa. Ou wè? “Li te voye M pou konsole kè brize, preche delivrans,” ak bagay konsa, ou wè, men, Li Menm se “e yon lane agreyab Seyè a.” Rès la, Li pa t janm—Li pa t janm li sa; Li te depoze Woulo liv la, poutèt sa se pou jounen jodi a. Ou wè? Li te jis li yon pati ladan l, yon pati te pou tan Pa L la.

235 Kounye a sa a se sa Li pral fè jodi a. Sa a se sa L ap pale a, atravè Espri wenn Li an, pou legliz jodi a: tan an se kounye a. Kounye a se tan an. Resevwa L, moun yo. Resevwa L!

236 Kisa? Nou wè gran tan lafen yo, limyè wouj k ap kliyote, tout kote. Sou lanati, nou wè l sou legliz, limyè a k ap kliyote. Li kondane. “Tan an rive.” Li nan mond lan. Nou wè l anwo—anwo nan syèl, sou lanmè, sou nasyon yo, sou tout bagay ; nan solèy la, lalin lan, zetwal yo. Siy!

237 Nou wè siy Sentespri tan-lafen yo ki te retounen sou moun yo. Jan l te ye nan tan Lòt la, jan Sentespri a te travay atravè chè imen sa la, se te Bondye ki te

manifeste nan lachè. Jan Bondye te vin lòm Limenm nan–nan Lepouz Li nan tan sa, pou montre menm siy lan, Jezi di, sa va menm bagay la nan dènye jou yo. Nou wè I. Nou wè menm Kolòn Dife a. Menm lasyans te pran foto L, ak bagay konsa. Nou wè siy tan-lafen an rive. Nou konnen li isit la.

238 E la, pandan n wè sa a, si nou kwè m! Si nou pa kwè m, kwè siy yo, kwè Pawòl la, paske yo temwaye de sa m ap di nou an. Si m p ap di nou Laverite, yo pa t ap janm konfime I. Bondye pap janm pale a yon mantè. Bondye deklare Laverite. E Pawòl sa yo temwaye ke m ap di nou Laverite. Yo se sa ki temwaye de Mesaj m ap preche a. Non sèlman Anj lan anba la nan rivyè a jou sa, ki te di, “Mesaj ou a va anonse davans dezyèm Vini Kris la,” zèv yo menm! Si nou paka kwè ke Anj sa te di Laverite, kwè zèv yo, paske Bib la di bagay sa yo va riven nan fen tan an. Yo se Bagay ki temwaye. Yo se zafè ki pale pi fò ke pawòl mwen oswa pawòl nenpòt lòt. Se Pawòl Li. Yo temwaye de tan an.

239 E nou wè two siy tèrib sa yo sou moun yo, ak siy tan an, sou tè a, detrès ant nasyon yo.

240 Nou wè Izrayèl nan tè natal li. Anblèm lan, Etwal sis-branch David la, ap flote, anblèm ki pi ansyen nan mond lan, pi ansyen drapo nan mond lan. Li se yon nasyon. Li se yon gouvènman. Li gen pwòp pèp li. Li fè pati dè Nasyonzini. Li menm, li se, li tout bagay sa yo. Li pami Nasyonzini. E li gen pwòp kòb li, tout bagay. Jezi di, “Jenerasyon sa a pap pase jouk tout bagay va akonpli.” E sonje, nan menm nwit ke Izrayèl te vin yon

nasyon, se te nwit kote Anj Seyè a te parèt kote m drèt laba. Se vre. Men kote nou tout ye.

241 Tout bagay endike egzakteman Verite a. Mwen pa t ba w manti. Mwen te di w Laverite, e Bondye te temwaye ke m te di w Laverite. Bon, sonje, mwen se frè w. Mwen se yon nonm, ou wè. Mwen se jis yon nonm tankou nou tout, men yon moun te dwe pote L, yon moun te dwe di L. Se pa t chwa pa m; se te chwa pa L. E m te di nou Laverite, e Li te temwaye an retou ke Se Laverite. [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a]

242 Kan nou wè bagay sa yo sou tè a jodi a, o, moun yo, sa a se dènye lè a. Aplike Siy sa sou ou, pi vit ke w kapab; oswa, antre nan Siy lan, antre nan Siy lan. Pandan nou wè gwo siy fen an, ak tan an ki rive, ap avèti nou, “Tan an rive.”

243 O, pran sa a avèk serye! Nou dwe renmen youn lòt. O, la la! Nou dwe si tèlman an amou! Piga nou janm pale mal youn kont lòt. Si yon moun fè yon erè, priye pou li menm kote a. Nou nan sa ansanm, avèk Bondye. Nou se frè ak sè. O, viv yon fason sen. Viv, viv tankou pitit fi Bondye, viv tankou pitit gason Bondye. Viv ak dousè, jantiyès, enb.

244 Pa kite okenn mechanste vin nan lespri w, nan panse w. Jis, jis rejte l. Si l frape nan pòtay ou, voye l ale. Jis di, jis montre Siy ou a, jis kontinye ap mache, “Mwen anba San an!”

245 Sonje, te gen yon bann nan yo ki te vin kot fanm sa yo nwit sa, pou di, “Ey, Gertie, Lillie, kèk nan nou, soti non, nou pral nan yon fèt aswè a.”

246 “En-en! Mwen anba san an. Mwen anba siy lan, pou rete la. Lanmou m se pou Sila ki fè m lan. Lanmò nan peyi a aswè a.”

247 E lanmò nan peyi a aswè a. Jijman ap tann, li pandye. Bonb atomik, bonb idwojèn, ak tout kalte dezaz, ap tann nasyon yo.

248 E Bondye ap fè Legliz Li avanse, pou L te montre tout bagay. Nou t ap gade Ayo a kounye depi yon bout tan, pou ap obsève, pou ap wè sa L ap fè, pou ap siveye nati Li ak tout bagay, men kounye aSiy lan dwe aplike. Li dwe aplike. Li se sèl bagay la. “Se sèlman si yon nonm te ne avèk Lespri, ak dlo, li pap ka antre ditou.” E nou dwe renmen youn lòt. Kwayan yo dwe separe tèt yo de mond lan. Piga w jis pran sa alalejè kounye a.

249 Bon, nou menm moun yo k ap tandè Sa a, sou bann yo, nou menm fanm yo, nou menm mesye yo, koute yon minit. Si w te janm kwè m, kwè Sa kounye a.

250 Se moman pou w sispann fè diskisyon youn ak lòt. Kwè Mesaj Bib la! Kwè Jezikri! Epi renmen, ak onè, ak respè youn lòt. Mesye yo respekte madanm nou. Respekte fwaye w. Rasanble fwaye kay ou ansanm, paske, sonje, Ayo sa a se te pou kay la, pa jis pou youn; pou tout kay la nèt, tou, yo te dwe mennen l. Tout

bagay te dwe antre anndan. Nou dwe renmen nou chak. Epi kwayan yo dwe separe tèt yo de mond lan.

251 Remake, yo pa t jis vin ansan pou ap pale de mesaj la. Yo te vin ansanm pou aplike san an, pou aplike siy lan.

252 Se sa ou dwe fè. Pastè Neville, ak kongregasyon sa, administratè yo, dyak yo, ak nou menm frè yo, se tan pou nou mete de kote tout foli mond lan, tan pou nou mete de kote tout lòt bagay. Nou te wè ase kounye a, jouk nou pozitif, sèten. E Siy lan dwe aplike. San Li, nou pral peri; nou dwe peri, se sèl bagay la.

253 O, piga nou vin ansanm, pou ap di, “Mwen kwè Sa.” Antre anba L, antre ladan L! [Yon entèferans kominikasyon piblik ak ond kout t ap fè yo tandè l—Editè a] Kouman w fè sa? “Pa yon sèl Espri nou te batize nan Kò Jezikri a.” Tout moun kwè, ak tout kè w. Ou wè? Li pa t responsab pou pèsonn ki te soti wete kò yo anba L.

254 Ki pale sa? ? [Yon moun di, “Se yon kominikasyon radyo ak ond-kout, Frè Branham.”—Editè a] Ond-kout ki sot anwo? [“Ki te vin atravè opalè a.”] Atravè opalè a. Yo genyen l anndan la? Mwen te tandè yon moun. [“Frè Branham, mwen kwè se te yon kominikasyon ak ond-kout ki te vini dèyè a la.”] Ond-kout, ya. O, yo—yo te kapte l pa radyo. Mwen panse ke yo pran...O, pou machin yo? Ekskize m. Mwen konsyan yon moun t ap di yon bagay. E m te panse ke yon moun te vle di m yon bagay, ke yo pa t sezi sa, ou wè, e se poutèt sa mwen—mwen te di sa m te di a. Mwen te wè nou ki t ap

gade toupatou. Mwen te tandé yon vwa. Mwen te panse ke yon moun te leve pou di yon bagay, mwen pa t konn kisa sa te ye. Bon, bon, mèsè.

Men, kwè, vin anba L!

255 Izrayèl pa t vin ansanm, pou ap di, “Ann nou tout ale Goshenn jodi a. Nou pral monte al Goshenn. Pran chamo w, n ap pran charyo a. E n ap pase pran lafami Jones, bò isit la, ak bagay konsa, epi–epi lafami Goldberg, epi nou tout nou pral monte al–al Goshenn. E nou konn on bagay? Moyiz pral pale jodi a.” Se pa t sa. Non, mesye, frè! Se te, ale anba san sa! Wi, vrèman.

Pa pou ap pale de Sa; antre ladan L!

256 Youn ladan yo di, “Ou konnen, Mesye Goldberg, mwen konnen tout bon ke sa se Verite.”

257 “Wi, frè, mwen kwè ke se Laverite. Mwen konnen ke se Laverite.”

“Mesye Lavinski, kisa w panse de sa?”

258 Se absoliman Laverite! Mwen te wè pwisans Jewova Bondye k ap pale. Mwen te wè grenouy sa yo ki te soti nan peyi sa. Mwen konsyan ke sa pa t rive jouk li te di l, e mwen konsyan ke sa se Jewova Bondye.” Bon, tou sa se byen.

“Èske w sikonsi?”

“Wi, mesye!”

“Èske w se yon kwayan?”

“Wi, mesye!”

259 E alò kan li te tandè Pastè Moyiz ap pale, jou sa, li di, “Men ou dwe ale anba san sa, paske Bondye di, ‘San an se yon siy.’ Se yon siy! Pe enpòt konbyen w te kwè, konbyen w te sikonsi; se yon alyans Bondye te bay Abraham, ak lòt bagay, sa se alyans lan. Men ou dwe ale anba san an, se yon siy, paske Li di, ‘Kan M va wè san an, Mwen va pase.’ Izrayelit, oswa nenpòt la!”

260 Sa se denominasyon osinon pa denominasyon, youn ou lòt, ou dwe vini anba San an. Metodis, Batis, Prezbiteryen, Pannkotis, moun san denominasyon, pe enpòt sa w ye, se pou endividi. Ou dwe vini anba San an. Kounye pa jis ap pale de Li; resevwa L! Koute mwen! Koute mwen! Lan Non Seyè a, koute mwen! Ou wè? Ou dwe vini anba San an!

261 Li pa t responsab pou pèsonn moun ki pa t anba san an. Bondye te rann sa klè ke tout sa ki pa t anba san sa t ap peri.

262 Pèmèt mwen itilize Pawòl Li yo? Tout sa ki andeyò Kris ap peri. Kouman ou antre an Kris? Premye Korentyen 12, “Pa yon sèl Espri!”

263 Se pa, “pa bay lanmen, fè w manm, denominasyon.” Se sa yo ap eseye fè l vini. Yo ka fè sa.

264 “Men pa yon sèl Espri nou tout batize nan yon sèl Kò.” “Si yon anj ta sot nan Syèl pou anseye yon lòt bagay,” Pòl di, “ke l modi.”

265 Gade, tout moun andeyò siy lan, Bondye pa t responsab. E Bondye pa responsab pou nenpòt moun, gran ou piti, popilè ou pa popilè, rich ou pòv, esklav ou lib, mal ou femèlè Li pa responsab pou kèlkeswa moun ki wete kò l soti anba Siy alyans lan. Li pa responsab.

266 Ou di, “Men, O Seyè, M te fè sesi. Mwen te chase demon. Seyè, mwen te fè sesi. Mwen—mwen te preche Levanjil.”

267 “Retire kò w bò kote M, ou menm k ap komèt inikite. Mwen pa t janm konnen w.” Li rekonèt sèlman Siy lan.

268 Èske w tande Sa? Di, “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn!”—Editè a] Bon, kifè se sou ou. Li...

269 Pandan m te chita isit la nan bwa forè sa lòt jou, e ti mesye yo t ap mande yo, ap di, “Sa fè de jou, ou pa t...” M pa t menm tire sou yon sèl ekirèy. Yo te di, “Kisa pwoblèm lan ye?” Ou wè, se te sa. Ou wè?

270 Li te di, “Mete l sou yo, sou yo.” Li te di, “Ou te pale—te pale avè M konsènan sa.” Ou wè? Kounye a bal la nan men w. Sa responsablite pa w.

271 Li pap rekonèt anyen ke Alyans, Sentespri sa. E ou paka resevwa Alyans sa amwens ke ou sove, sanktifye, e apre sa batize nan Kò a. Li pap kapab.

272 Ou ka gen yon imitasyon, ou ka santi w byen, pou ap sote monte-desann, ap pale an lang, ap danse nan Lespri. Sa pa gen anyen pou wè avè L. Koute Sa, lan

Non Seyè a! Bondye pa rekonèt sa. Payen yo fè sa. Sòsyè fè sa.

273 Ou di, “Mwen se yon save. Mwen fè sesi, sela, ou se lòtbò.” Li pa fè ka jan ou se gwo save. Dyab la sa, tou, ou wè.

274 Li sèlman rekonèt Siy lan–lan. Sa se Mesaj pou lè a! Sa se Mesaj pou jou sa a! Sa se Mesaj pou tan an! Lan Non Jezikri, resevwa L!

275 Pa yon sib-...yon bagay ke dyab la ka mete sou ou, tankou yon amou biza, pou rann yon nonm renmen yon lòt madanm ke madanm li, oswa yon fanm va renmenn yon lòt a kote, oswa kèk nan sa isit la yon bagay, dezonorab. Sa se pa vrè amou an. Sa se dyab la. Sa se zèv li. Se yon bagay l ap eseye ba ou, kontrèman; yon jwa, pou ap bwè epi santi w byen konsènan sa, ap di, “Mwen pa byen; m ap soti pou pran yon ka alkòl, epi bliye sa.” Sa se lanmò.

276 Bondye se jwa ou. Bondye se fòs ou. Ap aprann Mesaj la, ap aprann Laverite, sa se pòsyon sifizant nou kounye a. Li se satisfaksyon konplèt mwen. Nan Li, tout sa m bezwen nan Li. Se fòs nou. “Èd mwen vin de Letènèl.” Nou menm Kretyen, fikse je sou Li pou jwa nou, fikse je sou Li pou fòs nou, fikse je sou Li pou bonè nou. Li se pè mwen. Li se jwa mwen. Li se amou mwen. Li se Vi mwen. Se yon Alyans, Siy lan sou pòt la.

277 Li pa responsab pou yon moun, yon sèl moun, pe enpòt kimoun ou ye, Li pa responsab , sa k soti kite anba L.

278 E sonje, tout fanmi te la, reyini ansanm. O, la la!
O, sonje!

279 Ou di, “Ebyen, papa m se yon predikatè. Frè mwen! Pastè mwen! Pa m...” Sa ka vrè, tou, men e ou menm?

280 Sonje, ou sèlman an sekirite lè siy lan te aplike! Si yon nonm te isit la anba isit la, epi pitit gason l te lòtbò lari a, li te an danje, li t ap peri. Papa l t ap sove. Oubyen, si pitit la te bò isit la, epi papa l te laba, papa l t ap peri. Sèlman siy lan! “Kan M va wè siy lan, Mwen va epaye w.” Sa se sèl bagay la.

281 Ou di, “Ebyen, pitit mwen se yon predikatè.” Nou menm manman yo di, “Mwen gen pi bon ti gason,” oswa “pi bon tifi. M ap di w, yo se pi bon bagay la. Yo te ranpli ak Sentesrpi, ak yon si tèlman lanmou! Yo obeyisan. Mwen pa janm wè yon tèl bagay” E ou menm, manman?

282 Ou di, “Manman m se moun ki pi dous. Mwen konnen, si l mouri, li pral nan Syèl, paske li vrèman posede Siy lan, Frè Branham.” Men e ou menm, sè? Tout fanmi an dwe vin anba l.

283 Èske nou fatige? ? [Kongregasyon an di, “Non.”— Editè a] Mwen pral...Li midi...Jis yon minit. Mwen ka koupe l epi rekòmanse aswè a. [“Non.”] Men si nou—nou vle tann jis on tikras pi long, m ap eseye depeche m kounye a. [“Amèn.”] M ap plase sa jis la. Paske, mpanse, kounye a menmpandan nou sou onksyon an, se ta p mye pou w genyen l kounye a menm. [“Amèn.”]

284 Se sèlman lè Siy lan aplike! Alò, tout fanmi an nèt dwe anba Siy lan, San an. Papa ak manman, mwen konnen kijan w santi w. Mwen gen pitit, tou, mwen vle wè yo sove. M ap pale ak tèt mwen jodi a. Ou wè? Mwen gen frè. Mwen gen sè. Mwen gen byeneme. Mwen—mwen vle wè yo sove, tou. Men, sonje, san aplikasyon Siy lan, yo va peri. Pa gen ankenn rezirèksyon pou yo. Se vre. Yo pèdi. Se sèlman lè Siy lan aplike!

285 Gade, Jozye, m swete nou te gen tan pou li l. Make l, se Jozye chapit 2; Rarab, pwostitiye moun lòt Nasyon ki te kwè.

286 O, mwen jis swete li te ka anviwon nevè. M ta renmen—M ta renmen pran sa pou jis montre w kouman sa te ye la, ou wè. [Kongregasyon an di, “Pran tan w.”—Editè a]

287 Pwostitiye sa a, moun lòt nasyon, obsève, tout fanmi li. Li te yon kwayan. Tout fanmi li te dwe anba ti kòd wouj sa, siy sa. Yo te oblije ale anba l, osinon yo t ap peri. Yo te tandè pale de kòlè Bondye. Yo te tandè pale de demonstrasyon siy ak mirak Bondye pami pèp Li, e yo te dwe resevwa l. Li te dwe resevwa l. Bondye, anj destriksyon an, t ap vini. Yo te konn sa. E Jozye te anj sa. Yo te aliyen.

288 E se konsa pou chak nasyon, nan mond lan, aliyen pou Jijman Bondye!

289 Vye ti pwostitiye sa a, li te tandè. Lafwa vini ak tandè! Li te di, “Tout peyi a twouble poutèt ou.” Se vre.

290 Bon, espyon ke yo te voye la pou fè aranjman, ak bagay konsa, li te onore mesye sa yo. E, li menm, li te vle sove. Li te di, “Mwen konnen ke Bondye w la se Bondye, e mwen te tandè pale de gwo bagay Li te fè. Mwen konn sa L te fè Og, e mwen konnen kisa I te fè lòt diferant nasyon yo. Mwen wè ke sila ki te aksepte L yo te sove, e sila ki pa t aksepte L yo te detwi. E mwen vle viv,” li te di sa. O, la la! Men ni. “Mwen vle viv.” Paske yo jis...

291 Remake, Jeriko te tandè pale de sa Bondye t ap fè, men yo pa t vle pran avètisman an.

292 E pa t gen yon denominasyon nan peyi sa, toutotou, ki pa t tandè pale de sa Bondye t ap fè. Yo pa t vle pran konsidere avètisman an.

293 Gwo pwisans Li ak siy te demontre. Sa L te fè, Li te annik pase atravè Lanmè Lanmò a, kòm si se te yon tè sèch. Li te lakoz sa, Li te kreye dè bagay, pou fè grenouy, ak pou, ak pis vini nan lè a; Li te kreye yo avèk Pawòl Li, atravè pwofèt Li. Se pa t yon sekrè. Yo te konn sa.

294 E Rarab te di, “Mwen te tandè pale de sa. Mwen pa vle peri avèk enkwayan sa yo. Non, mesye!” Li te konnen ke jijman te dwe swiv sa, paske yo te jis aliyen. Li te konn sa. Kifè, yo te fè yon fason pou I te chape de sa.

295 Yo dwe te kwè ke pwòp gwo denominasyon Jeriko te kapab reziste a kòlè Bondye, ou wè, pwòp gwo denominasyon yo.

296 Se sa anpil ladan yo ap panse jodi a. “O, se sèten Bondye pap fè sa.” Se sa Satan te di Èv. “O, se sèten Bondye pap fè l.” L ap fè l, paske Li te di L ap fè l, ou wè, e sa se Pawòl Li. Wi, mesye.

297 “Eksepte si yon nonm ne!” “E siy sa yo va swiv sa yo ki ne!” Ou wè? “Pa sa a tout òm ap konnen ke nou se disip Mwen,” epi lòt bagay konsa, ou wè. Dakò, li te vle fè sa. O!

298 Kisa k te rive? Kounye a yo te izole. “Ankenn revèy pata pral rive la. Denominasyon nou yo pap apiye yon tèl bagay. Nou pa vle gen jan de tenten sa pami nou. Mwen entèdi nenpòt lan nou pou ale nan reyinyon sa.” En! Jeriko, jis aliye pou l kondane!

299 Men te dwe gen kèk ti mesye ak bann yo ki te glise antre kèkpa, pou semans predestine a. Yo te glise ale jouk lakay li pou jwe kèk bann. Li te fè de pwòp kay li—li yon legliz, pou resevwa mesaj la.

300 Yo toujou genyen yo, ou konnen. Mesaj la dwe al jwenn Semans predestine a, de tout fason. Nou pa konn kouman Li te rive la, men Li te rive la, pou ke moun Jis la pa peri avèk moun ki pa jis la. Bondye ap siveye sa, jodi a. Ya, Li fè yon fason pou L glise antre. Nou pa konn kouman. Menm si yo pap apiye Sa, men gen kèk Semans deyò a la ki predestine.

301 Tout moun ki konnen yon bagay konsènan Bib la, konsyan ke pwostitiye sa te predestine. Se sèten! Li pa t...Bib la di, “Li pa t peri ak sa yo ki pa t kwè.” Se vre. Men li te kwè mesaj pou tan an.

302 E Bondye te ba l yon siy, pa mesaje L yo. Yo te di, “Pran yon–yon ti kòd wouj, ekalat epi mare l sou...” Yo te di, “Sonje, si w pa mare ti kòd sa la, osinon kite l la, bagay ki pèmèt nou chape a, nou pa responsab.” O lala! “Rarab, reprezante chak semans predestine la, soti deyò la pou al chache yo. Pran papa w, manman w! Paske, nou fenk soti, anba ekspyasyon sa, anba nan peyi Lejip, e tout bagay ke nou pa t mete anba siy sa te peri. Rarab, M ap ba ou yon siy. Se yon siy. E mwen di, lan Non Seyè a, pou di, si nou mete sa! Mwen abitye ak sa, ak mesaje a. Mwen abitye ak an destriksyon an, Jozye. Li se mesaje destriksyon Bondye a. Mwen abitye avè l, e li konnen dwe gen yon siy. Epi ou pandye sa la, e Mwen va garanti w, Mwen sèmante.” Epi Bondye te sèmante, tou, ke sa ki te soti anba l t ap peri, e tou sa ki te rete anba l t ap viv.

303 Kounye a, menm sèman an kenbe jodi a, menm bagay la, wè, ‘Mwen pap kite nou peri avèk sa yo ki pa kwè Mesaj la.’ Epi yo...

304 Li te tande pale de zèv yo ki te akonpli, epi li te kwè li. Men , apeprè, li te...Li menm ak papa l, epi kèk nan frè li yo, oubyen on bagay konsa, se yo sèl ki te kwè, nan tout vil la.

305 Nou wè konbyen yo pa anpil? Jis youn isit epi la a, on ti fanmi pral soti de yon leta. Èske se vre? [Asanble a di: ‘Amèn.’-Ed.] Se egzakteman sa kounye a, nou pale de fè isi a. Nou... Si nou vle wè sa ki antip la, nou dwe wè sa ki te tip la anvan. Nou dwe wè sa ki lonbraj

la, apres a nap konnen sa vre bagay la pral sanble. Nou wè?

306 Pwisans Li te montre. Jijman an te iminan. Yo dwe kwè, pou yo sa sove. Wi, mesye. Epi ti...

307 Nèg sa yo antre, mesaje sa yo, epi-epi yo atrape semans predestine a, sa ki te kwè yo. Li itilize kay li kòm egliz, pou resevwa mesaje sa yo. Yo pat vle kite yo antre nan legliz yo a. Non, mesye. Ou wè? Alò li...

308 Yo pap kite nou antre tou. Yo mete w deyò si w di yon bagay sou sijè Sa. Wi. Ou wè?

Yo fè antre anba siy lan tout sa yo nan vil li, ki te vle kwè.

309 Se egzakteman sa nou dwe fè jodi a. Si nou vle yon byenneme sove, pito nou fè l antre kounye a. Ou wè?

310 Lè kòlè Bondye te detwi gwo vil sa a, siy lan te kenbe kay li an sekirite. Amèn. Poukisa? Siy lan te sou siy li... ou pito, siy lan te sou kay li, lè rès vil la tonbe. Kisa l te ye? Kisa l te ye? Jozye, mesaje Bondye a! Bondye Limenm te rekonèt mesaj mesaje Li. Amèn! Sa a te konfime l. Sa a te konfime l. Yo te rekonèt mesaj la. Li te rekonèt mesaj mesaje Li. Epi lè tout rès vil la te tonbe, siy kramwazi Rahab la te kanpe la a, anlè pòt la... epi tout lòt yo te mouri.

311 Alò zanj kap detwi yo pran devan, epi yo detwi tout sa ki te nan vil la, pat menm te rete on sèl byen. Youn nan yo te pran on byen, epi l te mouri avè l, soti nan

denominasyon sa a. Yo pran tout bagay epi yo detwi tout! 'Madichon pou moun lan kap eseye konstwi l. Premye pitit li pral mouri lè l pral kòmanse,' epi elatriye. Bondye madichonnen li konsa, gwo bagay sa a ki rejte gra-...mesaje gras la e de mizerikòd, yo te panse ke yo te an sekirite.

312 Anpil moun panse, jodi a: 'Paske mwen fè pati de legliz la, mwen an sekirite.' Pa kwè tenten konsa.

313 Lè, ' San an pral on siy pou ou.' Kounye a, Lespri a se Siy lan pou ou, Lavi ki te nan San an.

314 Menm lan, annou panse ke, menm siy lan ke yo te itilize an Ejip, menm siy de vi ki te andedan Ejip la, te an Ejip, Bondye itilize menm senbòl sa a anlè a. Jozye, on vre tip de Jezi, te fidèl a siy ke mesaje li yo te preche. Jozye, lè l te di sa, li te di: 'Pa manyen kay sa a ou anyen ki ladann. Li rezève pou Seyè a.' Amèn!

315 On payen, on pwostitye, on fi kap fè lari, men li te tande epi l te kwè, epi l te aplike siy lan.

316 Peu enpòt konbyen ou plonje nan peche, sa ou te fè, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Ou aplike Siy lan. Se pou ou l ye. Si ou santi nan kè w ke gen yon bagay kap rale, li pou ou. Aplike Siy lan. Epi gran Joz-...

317 Mo Jozye vle di 'Jehova sovè.' Menm jan ak Jezi, ki vle di 'Sovè.' Epi, Jozye, lè li te mande mesaje li yo...

318 Mesaje li yo te retounen epi yo te di: 'Mwen obeyi a lòd ou yo. Epi te gen yon fanm ke nou te jwenn, lè nou te jwe kasèt yo, ou konnen. Nou jwenn on fanm ki

te kwè. Epi nou di li, ke tout sa yo ki ta pral vini anba siy wouj sa a lòt bò a, siy lan, sa tap vle di. Se sa ke mwen preche. Èske ou pral onore I, Jozye?’

‘Mwen voye nou pou fè sa.’ Amèn.

319 Epi apre lè Bondye onore sa, kay la pa janm tranble. Epi lè Jozye te kanpe la epi te bay siyal pou detwi tout bagay la, epi ke yo monte, Rahab ak tout fanmi I te rete la a, ak tout byen yo, amèn, amèn, tout byen yo te nan kay la, an sekirite. Yo te senpleman kanpe la a, epi yo pat bezwen gade nan fenèt la. Yo te ka li Ekriti yo pandan ke batay la tap pase.

320 Li retounen epi li te koutize, jeneral lame a te koutize I, epi li te releve I epi li vini Betleyèm, kote li resevwa yon eritaj nan mitan yo. Epi li anjandre yon...li anjandre on pitit gason ki selèb, epi pitit gason selèb sa a anjandre yon lòt pitit gason selèb, epi pitit gason sa a te fè on lòt pitit gason selèb, jiskaske gran, Fis selèb la vini. Jiskan ba, epi atravè Obèd, epi atravè Izayi, epi jiska David. Se vre. Rahab, pwostitye a, paske I te kwè mesaj a. Li te aplike siy lan, epi kay li te sove, sinon li tap mouri lòt bò a kote I te ye a.

321 Tande byen kounye a. Oh, di, èske nou rann nou kont? Tout sa yo ki te anba, yo te sove an Ejip. Tout sa yo ki te anba, yo te sove Jeriko. Tout sa yo ki anba, yo pral sove jodi a. Lyen ki gen san an, ayo ki gen san an, li se yon tip de Jezikri.

322 Nan Ebre13:10 epi 20. Mwen pa gen tan pou li I. Note li. Mwen ta pral li I. Yo rele I ‘alyans pèpetyèl la’.

San Jezikri a rele 'alyans pèpetyèl la.' Wi, mesye!
'Alyans pèpetyèl la.'

323 Poukisa yo pat rele l 'Alyans Etènèl'? Paske li pa tap Etènèl. Lè nou rachte, se fini. Se yon perpetuite, ki vle di 'on sèten tan,' jiskaske tan an fini. Pap janm gen on lòt. Lè pap gen tan ankò, nou pap bezwen alyans ankò. Men jiskaske tan an fini, nou bezwen alyans la.

324 Kounye a, sonje, Ebre 13:10-20, on 'alyans pèpetyèl'. Pwomès Bondye, ki lye pa san an, libere nou de peche. Amèn! Pa gen peche an Li; peche a, mwenmenm, chè a...

325 Adore Li epi manifeste pwisans Li ki Li pwomèt! Pèp alyans Bondye a, lye pa San an, lye pa siy la, a Lespri Jezikri ki andedan li, pou ke: 'Sa ki kwè an Mwen, zèv ke Mwen fè yo, Lap fè l tou,' manifestan alyans la. Ou wè?

326 Nouvo Testaman! *Testaman* vle di 'alyans'. Se sa, pa vre, Doktè Vayle? *Testaman* vle di 'alyans'. *Nouvo Testaman* vle di 'nouvèl alyans'. Ansyen Testaman an se te ansyen an, anba ayo a, kote lavi pat ka retounen sou kwayan an. Nouvo Testaman an se te Ayo Bondye a, epi Lavi Li retounen sou nou. Lavi San an! Ou wè? San an se Lavi nan Nouvo Testaman an, ou wè, Lavi an vini de San Ayo a, ki vle di Nouvo Testaman an, nouvèl alyans la.

327 Kote, Bondye, 'Aprè jou sa yo, Map ekri lwa M yo sou tab an chè ki nan kè yo.' Ou wè? Ou wè? 'Pa sou tab an wòch, epi avèk san on ayo, kote nou te dwe di:

‘Bon, mwen-mwen pote san an isit la, kounye a, kisa l di apre?’ Men sou tab ki nan kè nou, ou wè... alyans Lespri a, Map fè l avèk pèp la.’

328 Epi Sa manifeste pwisans Li. Jan14:12 di: ‘Sa ki kwè an Mwen, limenm tou lap fè menm zèv yo ke Mwen fè.’

329 *Nouvo Testaman* vle di ‘nouvèl alyans’, on nouvèl Vi, ki montre ke Jezi ranpli tout egzijans Bondye pou nou, pou fè nou tounen, vrèman, pitit gason ak pitit fi Bondye, anba San an, kote pa gen kondannasyon ankò.

330 Women8:1: ‘Koulye a, nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak,’ pa sa yo ki kwayan, sa yo ki an Kris Jezi, ki pa mache selon chè a, men selon Lespri a.’ Epi Pawòl Mwen se Lespri ak Lavi.’ Ou wè? Oh, jan mwen ta ka pran on tèks de sa, epi rete kèlke zè de plis ankò. Men, nou pral gade sa rapidman, ou wè.

331 Okenn kondannasyon ankò; libere de peche, libere de sousi mond lan, okenn kondanner. Kijan? ‘A sa yo ki te batize nan on sèl kò pa yon sèl Espri’. La a, San Ayo a te aplike. Bondye ki nan Syèl la te aksepte nou epi... Lavi Li nan ou, epi nou se pitit gason ak pitit fi Bondye.

332 Karaktè w se karaktè Bondye. Kisa l ye, on **tèt krez**? Non, mesye! Bondye se yon Bondye de jijman. Se yon Bondye ki korije. Ou dwe mache dwat. Pa gen

anyen lòt pou fè. Se janr de moun sa ke ou ye, paske ou gen karaktè Papa w. Ou wè?

333 Kisa? Lavi, gade lè lavi a anlve pou resevwa san an. Ou wè? Lavi a menm anlve. Ou wè? Ou te dwe pran lavi pou ou resevwa san an. Ou wè? San an te aplike, epi lavi a pat kapab tounen sou kwayan an nan moman sa a, paske se te lavi yon bèt. Non pa lavi...

334 Men, ou wè, olye yon èt imen, se te yon sipè, sipè, sipè Èt imen. Ou wè? Epi sa fè èt imen an kounye a, non pa senpleman on èt imen, men kounye a li se yon pitit gason , on pitit fi Bondye, de sipè, sipè, sipè, sipè, sipè Lavi sa a ki te an Li, epi ki tounen sou nou; epi sa transfòme nou de yon pechè, nan bagay mond lan, de manm on legliz, on manm denominasyon, an yon Kreyen ki ne de nouvo, ranpli de Lespri. Lavi Bondye kap koule an ou, menm jan ak etensèl yon mas fè kote yo bat metal, pandan ke w ap mache, ranpli de vèti, epi damou, epi de dousè, alò ke Sentespri a ap aji, ap pale. Oh lala! Men li. Epi avèk... kisa? Pandan w ap tande Mesaj la, pandan ou kenbe je w sou Kolòn Dife a, epi avèk asirans beni a: 'Mwen pase de lanmò a Lavi.' Donk kounye a, okenn kondannasyon ditou.

335 'Si kè nou pa kondane nou, alò nou posede rekèt nou,' ou wè, 'nou konnen.' Men si peche nan kè nou, epi ke li kondane nou, nou-nou ta ka osi byen pa kòmanse ditou. Ou wè? Ou dwe libere w de peche. Epi sèl fason pou w libere de peche se pou w antre an Li. Se sèl kouvèti ki genyen pou peche a, se Kris.

336 Sonje, San alyans la, San alyans la pa rekonu san Siy la. Ou pa kapab. Ou pap rive. Nou di: 'Ebyen, mwen-mwen te sanktifye, mwen pa fè kèk bagay ankò.' Sa se pa Siy la. Se Lespri a ki Siy la, Lespri Kris ki sou ou. Kwè li!

337 Kounye a, gade, Pawòl la garanti nou pwomès la. Tout pwen sa yo ke mwen note isit la te kapab sèvi de tèks. Ta sanble, mwen te ka senpleman kontinye konsa ap preche tout jounen a, sou sa. Ou wè? Pawòl la garanti nou pwomès la, paske Li se pwomès la. Pawòl la se pwomès la, epi Pawòl la se Bondye, epi Pawòl la pou-pou nou. Epi nou tounen Pawòl la, epi Pawòl la tounen noumenm. 'Si nou fè yonn ak Mwen epi ke Pawòl Mwen fè yonn ak nou, alò ou wè, sa vin on gwo fanmi. Ou wè? Sa rasire nou. Poukisa? Ebyen, Li fè pati de nou. Ou wè? Ou wè? Ou wè, Li vin on pati de nou. Ala yon tèks! Trè byen. Li rasire nou, pwomès la.

338 Siy la se prèv ke acha a te fèt epi yo aksepte li. Kounye a, ou pa kapab vin genyen jeton tarif tren an anvan ou peye pri a; epi sèl fason pou w peye pri a, se pou w peye li. Se vre. Kisa? Kwè Li. Aksepte Li. Obeyisans total a tout Pawòl Bondye a pral ba w dwa a Siy la. Obeyisans total! Pa pati Pawòl la ki koresponn a denominasyon w, men tout Pawòl la. Obeyisans total a Pawòl la, ki se Kris, fè nou antre an Kris.

339 Kounye a si ou te konplètman ladann, men ke pye w ap pandye deyò? Si ou te konplètman ladann, avèk men yo kap pandye deyò? Prèske konplètman ladann,

men kè a ap pandye deyò? Ou wè? Ou wè? Kè a toujou nan mond la? Ou wè? Men nou pa fè sa.

340 Obeyisans total, konplè, mete noumenm ak Pawòl la fè Yonn. Nou kwè Li, chak ti pati. Epi tout Sa nan nou, epi gade L k ap aji atravè nou.

341 Ou pa pral pwomennen ak on pakèt move konpòtman. Ou wè? Ou se yon Kreyen. Sa pa enpotan kisa nenpòt moun di, yo pap janm manyen w. Ou nan Kris. Ou an sekirite otan ke w ka ye.

342 Lè lanmò frape nan pòt la, li pa gen okenn pouvwa, ou wè, ditou. Poukisa? Li jis fè w pase de *isi a a La a*.

343 Laj pa gen okenn enpòtans. Nou pase laj. Nou nan Letènite, paske nou nan Li. Li Etènèl. Kit nou jenn, granmoun, laj mwayen, oswa kèlkeswa sa nou ye a, sa pa gen okenn enpòtans. Kit ou bèl, lèd, kout, gra, e kisa ankò, li pa gen okenn enpòtans. Okenn.

344 Ou pa fè tou a, epi tout lòt bagay sa yo. Noumenm, nou fin depase sa a. Nou mouri. Lavi nou kache nan Bondye, atravè Kris. Nou sele anndan la a pa Sentespri a, n ap mache nan Kris. Sèl objè nou wè se Kris. Se tou. Se Sèl la, nou mache pa Li. O la la! Pa etone nou te abitye chante ti chante sa a!

Ranpli chemen m chak jou ak lanmou,

Antan m mache ak Kolonm syèl la;

Kite m ale tout tan a, ak yon chante ak yon souri,

Ranpli pa m...

345 Kite pou mwen on frè. Kite m viv egzanp de sa Kris te di yon nonm te dwe ye. Kite pou mwen on frè pou on frè, on frè pou on sè. Kite pou mwen on—on minis pou minis yo. Kite pou mwen on egzanp pou egzanp yo. Kite pou mwen montre mond lan ke Pawòl sa a se Kris. Sèl fason m ka fè l se vini nan Li. Paske, m pa ka fè l mwenmenm, nou pa ka fè l. Men kite Pawòl la ak oumenm vin Yon Sèl, apres sa se Li kap viv atravè nou. Nou se yon lèt Jezikri k ap mache, lè Li gen kon...kontwòl konplè, total sou ou, pou fè chak Pawòl.

346 Si L vini fason sa a, “M vle fè Sa,” epi nou di: “Non, non, m pa kwè Sa,” ou wè, nou poko nan Pawòl la. Ou wè?

347 Total, kounye a gade, obeyisans total a tout Pawòl Bondye a ban nou dwa a Siy lan. Apres lè nou peye, priye, nou dwe gen Siy lan pou prezante ak priye nou.

348 Si nou di: “M priye, Seyè, men vrèman m pa gen...” Ebyen, nou pa fè l. Pito nou ta jis tou kanpe, ou wè, pou... Ale, an premye, pran Siy lan, ou wè, paske Siy sa a se sa L ap rekonèt. Ou wè? Wi, mesye!

349 Lè nou priye, apres nou dwe prezante Siy lan: “Seyè, m te obeyi Ou nèt. M te repanti de peche m yo. M santi ke W padone mwen. M te batize nan Non Jezikri. Sentespri an sou mwen. Kounye a m bezwen on sèten bagay pou glwa Ou. Seyè, m mande pou sa. Li pou mwen kounye a.” Apres gen yon bagay ki ankre dèyè isis a, “fyou-fyou,” li pou ou. Se fini. Apres tout

fini. Tout fini. Sa regle. “M mande sa. M mande I. M dwe genyen I. Ou wè? Ou wè? M—m vle I pou glwa W.” Ou wè? Ebyen, se sa, apres a Li jis ba ou I. Lè sa a ou konnen li pou ou. Se fason sa a I ye, pitit nou yo, elatriye, nou aplike San an, kwè li. Se tou. Trè byen.

350 Kisa L fè lè sa a? Lè w gen, ou ka prezante Siy lan avèk priyè w, Sa montre ke w vin nan obeyisans total de tout Pawòl Bondye a. Lè w gen Siy lan, sa montre ke w te obeyi chak Pawòl. Lè sa a, oumenm ak Pawòl la nou se yon sèl, nou sèlman ap mande bagay ke nou ye a. Ou wè? Ou wè? Alò, pouki, nou konnen.

351 Si m di sa a: “Men, obeyi mwen, lonje pran mouchwa sa a!” Li fè I. Ou wè, men a te obeyi m. Poukisa? Li fè pati de mwen. Ou wè?

352 Alò lè oumenm ak Pawòl la vin yon sèl, chak pwomès, glwa pou Bondye, chak pwomès se pa w. Li obeyi w. Alò ou vle gade sa w vle fè. Ou pa tap mete men w nan on dife, jis di: “Ou wè m fè sa.” O, non, non! Ou wè? Men si gen yon bagay nan dife sa a, ke m dwe al chache, I ap obeyi m. Ou wè? Ou wè? Se vre. Ou wè, ou vle gade sa w ap fè.

353 Se pou rezon sa a Sentespri a bay ak moderasyon, epi dè bagay, nou konn sa m vle di, paske kèk... Nou pa vle pou...Yon vrè sèvitè Bondye pa fè wè avè L, nou wè. Se sa. Sa se bay tèt ou an spektak.

354 Lè nou priye, nou prezante Siy lan. Sa monte nou te obeyi totalman.

355 Pòl di nou, ke: “San an pale.” Sa, nenpòt moun konnen ke san an, an reyalite, limenm, li pa ka pale. Se yon bagay chimik. Èske se vre? Konbyen moun ki konn sa? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Men konbyen moun ki konnen ke san an pale? [“Amèn.”] Si nou vle ekri sa, Jenèz 4:10. Bondye te di: “Sa k pase ak frè w?” Li te di: “San li rele sot nan tè a, kont ou.” Se vre? San I ap pale. Alelouya! Bondye te di: “Sa k pase avè L?”

Li te di: “Èske m se gadyen frè m?”

356 Li te di: “E san I ap rele. San I ap rele.” Se yon siy. Se yon siy, ke yo te touye I. San I t ap rele kont li.

357 Kounye a, si nou pran sa nan Jenèz 4:10, alò nan Ebre 12:24, kòmanse li. Nan Ebre 10, 12:24. Li te di: “San Jezi pale pi byen pase sa Abèl la.”

358 Ou wè, Abèl, li te yon nonm jis. Li te mouri. Li te mouri, inosan, paske li te nan Chemen an. Li te nan Chemen an, fidèl pou vrè revelasyon li te genyen an. Li te rele! San jistis Abèl la te rele kont Kayen.

359 Men San Jezikri a, pat sèlman rele, Li te rachte. Amèn! “Li pale pi byen.” Li fè nou pitit fi ak pitit gason. Li mete nou a labri de kòlè Bondye a. Ou wè? San Abèl la pat ka kache Kayen, ou wè, men San Jezi a kapab. Amèn!

360 Kidonk, ansyen Kayen, soti jodi a, si nou te yon pèsekite kont Pawòl la, k ap di: “Jou mirak yo pase. Tout Bagay sa a san sans, ak bagay.”

361 L ap rele, nou wè. San Jezikri a rele, men gen padon nan Li si n ap jis aksepte L. M swete nou te ka rete yon ti moman sou sa, ou wè: “San pale pi byen.”

362 Kwè, pou sekirite w. Apresa aplike, ou wè. Kwè pou...Men sa ou ta dwe kwè. Ou wè, ou vle pwòp sekirite w. Ou kwè pou sekirite w, epi apre aplike Siy lan pou tout fanmi w. Ou wè? Ou di: “Kijan m ka fè sa?” Reklame L! Si L te mache sou ou, alò oumenm ak Pawòl la vin yon sèl. Amèn! Amèn! Ou wè? Ou wè, Li mache pou nou toude. Oumenm ak Pawòl la se yon sèl, apres a aplike L pou pitit nou yo, aplike L pou byenneme nou yo.

363 Tankou Rahab te fè, li te aplike siy lan pou papa l, li te aplike l pou manman l, li te aplike l pou frè l ak sè l yo, epi l te fè yo tout antre.

364 Ou aplike L, di: “Seyè, m pral dèyè pitit gason m. M pral dèyè pitit fi m. M reklame l! ‘Satan, lage l!’ M ap vin dèyè l. Mwen aplike Siy mwen an, Sentespri a. O Sentespri, ki viv nan mwen, atrap pitit fi m la a. M prale pou li kounye a, ak onksyon W sou mwen.” L ap fè l. Amèn.

365 Se sa yo te fè nan Lejip. Se sa yo te fè nan Jericho.

366 Nou vle li yon lòt, Ak 16:31. Pol te di santiryon an: “Kwè! M se mesaje lè a. Kwè nan Seyè Jezikri a, oumenm ak kay ou va sove.” Se vre? Kwè pou kay nou, mennen yo tout anba. “Kounye a nou te wè Bondye nan Syèl la fè yon mirak. Se anvan jijman. Èske nou kwè sa?

“Wi! Kisa m ka fè?”

367 Li te di: “Leve epi batize.” Pòl te fè l soti epi te batize l, li te di l: “Kounye a kwè nan Seyè Jezikri a, epi oumenm ak kay ou va sove.”

368 Kwè kisa? Kwè Seyè Jezikri a, pou kay nou, aplike Siy la pou kay nou.

369 Apresa kisa nou fè lè nou aplike L pou kay nou? Mete tout fatra a deyò. Pran tout bout jip yo, ak bout pantalon yo, ak kat yo, ak sigarèt yo, ak televizyon yo, e kisa ankò, epi jete tout deyò pòt la, lè nou pral aplike Siy la; Li pa ka sipote sa. Wi, mesye. Soti tout sa a. Tout dans yo, ak fèt yo, ak wòkennwòl, ak vye jounal vilgè, ak bagay ki de mond lan, mete sa a deyò nan pòt la, di: “N ap netwaye plas sa bò isi a.”

370 Tankou Jakòb te fè, li te di, te di madanm li ak yo tout, li te di: “Lave rad nou yo ak tout bagay. Wete bondye sa yo.” Amèn. Jo-...

371 Nou konn kisa Jozye te di anvan pou travèse? Li te di: “Lave rad nou yo; pa al jwenn madanm nou, elatriye, epi pare, paske nan twa jou n ap travèse Jouden.” Amèn. Li tap pare, li tap aplike siy lan. Amèn. Se sa.

372 Pare nou. Aplike L. Kwè L. Netwaye. Kite pitit nou yo, kite fanmi nou, kite byenneme nou yo, wè L nan nou. Se vre. L ap pran efè. Wi, mesye!

373 Apresa aplike Siy la nan lapriyè, ak—ak—ak konsiderayon, avèk fwa. Aplike L avèk anpil lanmou, e latriye, jouk nou konnen li pral pran, li pral rive. Se tou.

Aplike L avèk konfyans, kwè Li pral ede nou. Lè nou pale ak timoun sa a, lè nou pale ak mari nou, pale ak madann nou, pale ak byenneme sa a, kwè ke Li pral ede nou. Jis kanpe la a, epi di: “Seyè, m reklame yo. Yo pou mwen. M ap pran yo pou Ou, Seyè.”

374 Aplike Li, epi kreye atmosfè sa a otou de ou, ke yo pral jis tonbe ladann. Ou wè? Oh, ou se, ou se, si ou gen Siy la, ou kreye yon lespri otou de oumenm, on pwisans, ke lè w ap mache, moun yo konnen ke ou se yon Kreyen. Yo renmen ke ou di yo yon bagay. Yo kwè pawòl ou. Yo akwoche yo a sa ou di. Ou wè? Se sa.

375 Aplike Siy la, epi mache avèk Li. Reklame kay ou. Ou dwe fè l kounye a. Sa se tan aswè. Kounye a, sa fè lontan ke n ap tandè, kounye a, se tan aswè a. Kounye a, se tan pou mete an aplikasyon. Kòlè a pral frape, yonn nan jou sa yo, petèt ke l ap twò ta. Ou wè? Aplike Siy la, avèk konfyans.

376 Si nou vle li sa a, li yon bagay isit la, Ekriti ke mwen note pou sa se, li Efezyen 2:12, si nou vle note sa a. Remake, nan Efezyen 2:12, lè nou li l, li di ke, nou pa sèvi zèv ki mouri, men yon Bondye vivan, avèk zèv ki vivan. Amèn! Oh lala! Avèk zèv ki vivan, siy ki vivan. Nou kwè nan zèv ki vivan ? [Asanble a di: ‘Amèn.’-Ed.] Mete Ebre 9:11-14 tou, si nou vle note sa. Siy ki vivan, zèv ki vivan, aplike sa!

377 Non pa dè kredo ki mouri: ‘Mwen pral mennen pitit gason m legliz, epi veye pou li antre nan legliz la.’

378 Yon gason Kretyen debyen de isit, on bon zanmi, ansyen patnè, on vrè kamarad, li—li desann isi a, li te batize. Manman I te di: “M swete ou ta al nan on pi gwo legliz, si w te vle pou—pou w batize.” Ou wè? Ou wè?, li jis pat vle ansyen kredo sa yo ki mouri, e tou. Ou wè?

379 Nou pa sèvi dè kredo mouri ak dè bondye ki mouri. Nou sèvi yon Bondye vivan Ke San L te vide anvan la a, epi Siy la te aplike ban nou, pou ke nou viv tou. Amèn. Wi, mesye!

380 Pa sèvi kèk kredo mouri. Yo menm renye bagay tankou Siy lan. Yo di: “Jou morak yo pase. Pa gen bagay konsa tankou batèm Sentespri a.” Poukisa pou antre al jwenn on bagay kon sa? Ou wè? Pa fè sa.

381 Aplike Siy lan, apres a: “sèvi Bondye vivan an,” pou zèv vivan, siy vivan; siy ki geri malad yo, leve mò yo, di dè bagay davans, pale nan lang, entèprete, chak fwa pafètman byen, pwofetize epi di sa epi on bagay *konsa* ki pral rive, montre siy nan Syèl la anwo a, epi sou latè, siy ak bèl mèvèy, amèn, pale egzaktman sa Bib la te di ki tap fèt. “Sèvi Bondye vivan an,” aplike Siy la!

382 Pa al nan legliz sa yo epi antre al jwenn vye zèv mouri sa yo ak bagay kon sa, paske yo pa menm kwè nan dè bagay konsa tankou siy. Men noumenm ki kwè, amèn, nou konnen ke... Yo di: “Pa gen okenn bagay konsa tankou yon siy. Sa, o, o, se san sans. Sa y ap pale anwo la a, se foli. Pouki, pa gen okenn bagay konsa. Pouki, noumenm fanm la a, o, nou—nou, pouki, nou pa... Kisa abiman nou...?” Li fè I. Bib lan te di sa. “Kisa cheve nou gen a...?” Bib lan te di sa.

383 Sa, sa se jis diferans yo, ou wè. “Pa touche, pa manyen, pa goute.” Li se Bondye. Ou wè? Kounye a, li vle di on bagay.

384 Kounye a, yo panse se foli. Men pou nou ki kwè epi konnen Verite a, nou konnen Se Prezans vivan Li, paske Li fè menm bagay ke L te fè lè L te isi a sou latè. Amèn.

385 “O,” yo di: “yo jis imajine yo wè Kolòn Dife sa a.” O, non! O, non! Nou pa imajine anyen.

386 Yo te panse Pòl te imajine L, tou. Lejip te panse Izrayèl te imajine L, men Li te mennen yo nan tè ki te pwomèt la. Wi, mesye! Nou pa...

387 Ebre 13:8, nou konnen: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” si n ap ekri sa, ou wè, ke: “Li se menm lan.” Sa—sa pa—sa pa menm...kèk imajinasyon.

388 Lè mwen ekri sa a isi a Ekriti ke mwen ekri isi a, mwen konnen kote Lèzikriti ye, e se konsa mwen al ladan l. Ou wè?

389 Konnen ke se Prezans vivan Li, paske Li fè menm lan nan Lespri sa a. Kounye a, si l te fin al nan kèk kredo oswa denominasyon, nou konnen byen vit se pat Kris. Èske se vre? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Si mwen te kondwi nou nan kèk kredo oswa on lòt bagay, se kèk denominasyon ki t ap voye m. Men mwen pap pote kredo ban nou, e mwen pap anseye nou denominasyon. M ap anseye nou Pawòl Bondye a, ki se pwisans rezirèksyon Jezikri ki manifeste, pa

sèlman pou mwen, men pou kèlkeswa moun ki vle. Ou wè? Ke nou...

390 Ou se frè m. M pa yon gwo moun, epi oumenm on moun piti. Nou tout nou se moun piti nan Bondye. Ou wè? Nou se ti pitit Li yo. Nou pa konn anyen, sa nou ta vrèman dwe konnen. Li kite nou konnen jan Li vle, e nou rekonesan anvè Li pou sa nou konnen de benediksyon L yo. E mwen pa separe sa pou tèt pa m; m vle separe l avè nou. Ou wè? M vle nou ladan L, e m vle nou resevwa Siy sa a. E si nou pat fè l...Anpil nan nou, pi fò nan nou, te deja fè l. Men si kèk nan nou pat fè l...

391 Ou wè, m ap pale sou kasèt, tou, nou konprann. E anpil nan sa...E mwen pa di isi a nan legliz la; nou tout soti, sipoze. Men gen petèt dè milye fwa milye k ap tandè kasèt la, ou wè. E, sa, s on ministè. Pral gen yon moun k ap glise nan Jeriko, nou konnen, ak on kasèt, kifè nou vle—nou vle atrap Semans predestine sa a lè li antre la a, ou wè, paske kòlè a ap vini.

392 Konnen ke se Prezans Bondye vivan an, ki pwouve ke Bondye te leve L vivan selon Pawòl Li ki te pwomèt. “On ti moman epi mond lan pap wè Mwen ankò. Jericho, Legip, yo pap wè Mwen ankò. Poutan nou va wè Mwen, paske Mwen...” “Mwen,” pwonon pèsonèl la, yo toujou refere a li, ou wè. “M ap avè nou. Mwen se Siy lan. Rezirèksyon Mwen se Siy lan. Zèv ke Mwen fè yo pral idantifye nou, pral idantifye Mwen nan nou.”

393 “Jan sa te ye nan jou Lòt yo, se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan, lè Mesaj aswè a pati.”

394 “Paske va gen Limyè vè tan aswè a. Jis vè tan aswè a, Limyè a ap vini.” O, glwa pou Bondye! Fè m santi m tankou m te ka kouri travèse on twoup epi vole sou on mi. Ou wè? Ou wè? “Va gen Limyè vè tan aswè a.” Se vre. Pwofèt la te di sa.

395 “E M ap avè nou. M ap nan laj Luther a; M ap nan laj Wesleyen an; M ap nan laj Pannkotis la; men nan dwat nan tan aswè a, Limyè ap vini.” Denominasyon yo ap disparèt, epi apre Siy la ap aplike. E tou sila yo ki onèt nan kè, desann atravè la a, san—san nou yo pap vin—vin pafè. Men nan nou...

396 Se tankou tèt la dwe ale, pou pran pye a. Tèt la dwe ale, pou pran men an. Tèt la dwe ale, pou pran kè a. Tèt la dwe ale, pou pran bouch lan. Ou wè, tèt la dwe ale.

397 E kounye a nou nan tan kote siy lan te aplike sou lento pòt la, ou wè, ak sou poto yo. “Epi apre lè Mwen wè san an, ki s on siy, Mwen va epaye w.”

398 M ap prese kounye a, jis rapid otan ke m kapab kounye a. Jis apeprè senk minit ankò, oswa dis, n ap fini.

399 Pwouve ke Bondye te leve L vivan nan mò yo. Nou kwè sa? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Li s on vivan nan mitan nou jodi a. E “Mwen” sa a se Kris. E “Mwen” sa a avè nou jouk nan fen de...sa di *konsomasyon*, ki vle di: “fen mond lan.” “M ap la jouk

nan fen mond lan,” selon Pawòl Li ki te pwomèt. Li te pwomèt sa. “E zè v ke Mwen fè yo nou va fè yo tou.” Se pa on bagay ki san sans pou nou. Se Siy lan. Se Siy lan.

400 Nou asepte sakrifis San sakre sa a. Nou asepte San sakrifye Li a, alò bay...Sila ki ban nou Lavi a, Siy lan, on **so** pwomès Li. Efezyen 4:30, te di: “Pa fè san an chagren”? Non. “Pa fè Sentespri a chagren, se pa Li nou...” [Kongregasyon di: “*Sele.*”—Editè a.] “Angaje, mete apa.” Nou angaje. Se sa nou ye. Yon Siy, Sentespri a, va **so** a. Lè yon bagay sele anndan yon so, pito nou pa kase l. Pa ka kase l, nou menm, pa **So** Bondye a. Non. Ou wè? Paske nou se... “Pa fè Sentespri Bondye a chagren, se pa Li nou sele jouk nan jou redanmsyon nou an, lè kò a leve.”

401 Se yon semans, yon siy ke semans lan te jème ak Lavi Etènèl: “Zoe, ‘Pwòp Lavi M,’ e M ap fè l leve ankò nan dènye jou an.” E antan n ap mache, nou gen konfyans ke Lavi Kris nan nou, e nou nan Li. “Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò, epi sele la a pa Sentespri a,” nan mitan kwayan sa a kon sa: “jouk nan jou ke Jezi leve nou vivan.” O la la! Aplike Siy lan. Se sa l vle di pou nou. Nou atann ke Sakrifis sa a ban nou Lavi, e Li fè l. Alò Li ban nou Siy lan, e nou aplike Siy lan, ki se So an jiskaske...Etan—etan dè patisipan de Sa, ala yon gran bagay sa ye, etan dè patisipan, ki batize pa sèl Lespri sa a, nan sèl mist-...Kò mitik sa a.

402 Èske m te di mo sa byen, *mitik*? Mistik, Kò mistik, Kò mistik Jezikri. Ou wè, Sentespri an te di: “Ou pap di

sa byen.” On idyo tankou m, men L te di: “Ou pap di sa byen.” M te rele: “*mitik*,” ki se Kò mistik Jezikri, ou wè, Kò mistik Jezikri a. M pa...Nou pa bezwen on edikasyon; nou bezwen Sentespri a. Li se Sila a. Ou wè? Li se Sila a. Ya, ou wè, se te...te ka fè yon moun bite on kote, kèk edikatè, kounye a m espere li konprann li byen. Kò mistik la! Li pral pou on bagay, paske Li pa tap di sa. Ou wè? Li isi a menm kounye a. Li isi a menm nan lestrad la a. Li deyò la a menm. Se Li. Ou wè? Fyouw!

403 E nan Li pa gen lanmò. Nan Li pa gen lapenn. Nan Li pa gen fatig. Nan Li pa gen peche. Nan Li pa gen maladi. Nan Li pa gen lanmò. Nou nan Li! Si Satan eseye lonje on bagay ban nou, tankou maladi, jis pran Siy nou an epi aplike L. O la la! Pran Siy nou an epi aplike L, ke nou se yon pwodwi ke Jezikri achte. Siy lan vle di ke pri nou an peye.

Li di: “Lè nou mouri, nou pèdi.”

404 Di: “Nou pa gen rezon. M gen pwodwi ki achte a. M se yon pwodwi ki achte. Mwen gen Siy lan.”

“Kisa ki Siy lan?”

405 Li konn sa L ye. Pa, pa betize avè l. Li konn sa L ye. Kounye a, nou te ka pale a kèk nan predikatè sa yo, epi yo ta diskite avè nou. Pa Satan; li konn pi byen pase sa. Ou wè? O, ya. Li vin kont li, de ou twa fwa, ou konnen, epi te fè yon erè, de tantasyon. Satan konn de kisa w ap pale. Jis montre Siy sa a, l ap vole. Wi.

406 Paske, kisa l ye? Se yon pwodwi sele. Li pa ka kase ouvri sa, epi bay on bagay anndan la a ki pa kòrèk. Di: “Wete men w! M sele.” O la la! Yon pwodwi sele! Wi, mesye! Nou achte. Kenbe Siy lan sou lafwa nou nan pwomès Li ki pa deplase, gade l ki prale. **“Lapriyè efikas epi ki fèvan de yon nonm jis vo anpil!”** Ou wè? Ou wè? Pran Siy sa a. Se pou sa Li la. Satan la a pou tante w.

Li te nan Lejip, pou tante.

407 Pouki, nou konnen, jou sa a lè Rahab mete pwostitye sa a... Pwostitye a mete kòd sa a anba, kòd sa a, m imagine kèk nan sòlda sa yo te ri epi te pase nan rizib, te di: “Vye fanm fou sa a anwo la a! Li pèdi tèt li. Gade, **limenm ki genyen l anndan la a.** Ha, ha, ha! Pouki, èske te janm tande bagay konsa? Pouki, Doktè Jones te di, anba isi a: ‘Pa g anyen nan sa.’” Men te genyen, paske yon mesaj ki sot nan Bondye te pote mesaj la epi te di yo.

408 Èske nou ka imagine Ejipsyen yo k ap di: “Sanble tankou...Hey, gade gwoup moun fou egzalte sa a, ap mete san! Ha, ha! Èske yo pap gen yon gagòt, pou lave wete sa a kounye a! O la la! Gwo bèl kay sa yo tou kouvri ak san! O, on sant konsa! M parye avè nou sa pral terib nan kèk jou. Sa pap vle di on bagay. Nou konn poukisa? Sen pè *Entèl entèl* te di sa.” Me te genyen. Se te sa. Li te vle di on bagay.

409 Li vle di on bagay pou noumenm ki kwè. Ou wè? Jis sonje lafwa nou ki pa ka bouje ke n genyen nan Pawòl sa a! Kounye a, nou pa Èv ankò. Ou wè? Nou

pa youn nan doutè sa yo, epi, ebyen, k ap fè konpwomi ak Satan. Nou kenbe chak Pawòl Bondye. Ou wè?

Èv te di: “Ebyen, Seyè an te di sa!”

410 Satan te di: “Men, ou konnen, Seyè a sètènman pap fè on bagay kon sa a yon moun debyen tankou w. O, ou sitèlman bèl. Li pa tap fè l.” O, wi, L ap fè l, tou. Li te di L tap fè l.

411 “Ebyen, papa m te on minis. M te yon minis.” Mwen—m pa ka anpeche tèt mwen. San Siy lan, ou pèdi. Kòlè a sou ou, ou wè, se tou, san Siy lan. Ou wè? Ya. Li te di L tap fè l, e L ap fè l. Sa, sa jis regle l. Li di L ap fè l.

“O, m kwè jou mirak yo...”

412 Ya, men L te di se pat sa. “Mwen se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” ou wè, se jis sa L pwouve ke L ye.

413 Kounye a, pou nou, nou konn sa. Pou yo, yo pa kwè Sa. Men nou kwè L. Nou konnen se Verite a. Ou wè?

414 Kounye a, etan nan sa, nou vin fè pati de Pawòl la. Epi alò pran Siy lan, Lespri a, sou pwomès la: “Mwen se Seyè a ki geri w.”

415 Kounye a pare pou sèvis gerizon aswè a. Ou wè? Pran Siy lan, fè L pandye sou Pawòl la, sou lafwa w nan Pawòl sa a ki pa ka bouje, w ap soti. Kounye a, Sa se—Sa se bagay ki mete l deyò a, paske nan Li pa gen bagay konsa.

416 M swete m te ka temwaye on ti kal kounye a, pou kèk bagay m te wè ki rive jis nan kèk dènye semèn yo. Ou wè? Ou wè? O, de kisa m te ka temwaye!

417 Nou konnen, epi Lik te di: “Si tout sa Jezi te fè te mete nan liv, ...pat gen ase liv nan lemonn pou ekri yo.”

418 Jis sa m te wè nan pwòp minsitè m, wè L ki te fè, nou pa ta ka anpile volim liv yo sou lestrad la isi a. Si m te ekri sa nan detay sa m te wè L fè jis nan pwòp ministè pa m, te wè L fè I. Ou wè? Li te gen plis siksè nan ministè pa m pase L te genyen nan Pwòp Pa L. Kounye a, sonje, Li te gen plis siksè kounye a, pa mwen; Li te genyen. Glwa! Alelouya!

419 Li te gen plis siksè nan Jeffersonville pase L te genyen nan Nazareth. Li te fè I nan vil mechan sa a ak vil mechan sila a. Amèn! Glwa! Paske: “Li pat ka fè okenn mirak la a,” men L te fè I isi a. Li te finalman pèse, isi a. Li te rive fè I isi a. Li ka te dwe pran moun on lòt kote, men Li—Li te rive fè I, kanmenm. Kidonk, Li te gen plis siksè isi a menm pase L te genyen nan—nan Capernaum oswa—oswa Nazareth, nan sa. Li te fè plis mirak isi a menm nan tabènak sa a pase L te fè nan tout ministè a sou latè. Se vre, Li te fè I. Kounye a sak pase ak rès mond lan? O la la! Kounye a se sa L te fè.

420 Kounye a sonje: “Li” te fè. Kounye a, sa pat janm di mwen te fè I, ou wè, non, paske m pat fè I. M jis pat fè I. M te jis renmen L epi te jis soumèt tèt mwen ba Li, epi m te di sa L te di, epi Sentespri a te al jwenn lòt

moun yo epi yo te kwè sa L te di a, epi apre Li te fè zèv la. Se tou.

421 Si L ka fè nou tout kwè li! Kisa L ta fè kounye a menm si L te ka fè nou tout kwè l touswit, se vre? Pa t ap gen yon moun fèb nan vil la. Se vre. Si L te ka fè tout moun kwè l, tout bagay t ap fini. Ou wè?

422 Kenbe Siy nou an sou lafwa nou ki pa deplase nan Pawòl Li ki te pwomèt, epi Satan prale.

Kounye a m pral fenmen kounye a.

423 Bondye yon fwa te bay on lòt siy bay mond la; se te yon lakansyèl. Nou sonje sa? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Li toujou, toujou rete fidèl a siy sa a, paske Li bay li pou on siy. Tout milye lane sa yo, Li pat janm echwe pou montre siy sa a. Èske se vre? [“Amèn.”] Poukisa? Li onore li. Li te bay li. Li te bay mond lan on siy ke L pa tap detwi mond lan ankò ak on delij. E Li te toujou, toujou, depi jou sa a, montre.

424 Gen kèk eleman nan lè a, ki fè lakansyèl sa a. Lè lapli tonbe, epi solèy la soti, sa montre l. Solèy la seche lapli an, kidonk Li met lakansyèl lan la a pou pwouve ke pa tap janm gen ase dlo ki pou tonbe sou tè a pou detwi l ankò. Sa se alyans Li. Se yon siy. Li te di: “M ap ba nou li pou on siy.”

425 Li te onore siy Li. Li te onore siy Li nan jou Noe yo. Li montre l ankò. Li te onore siy Li nan Lejip. Li te onore l nan Jericho. Li onore L jodi a. Li toujou onore siy Li lè li te montre.

426 Tout milye lane sa yo, Li te renmen montre siy sa a. Li pa janm bliye l. Li pa bliye siy Li. Kounye a, sa pa enpòtan nan ki pwen mond lan chanje, lakansyèl la toujou la a. Ou wè, Li onore siy la.

427 Se konsa L fè kounye a, Li onore Siy Li. Sa pa enpòtan nan ki pwen legliz la chanje, nan ki pwen l fè sa; Bondye toujou onore Siy Li, sa sèlman. Montre nou Li pa janm echwe pou onore sa L fè ak sa L di. Nou asepte, nou—nou respekte Sa. Mwen fè l.

428 Li atann ke noumenm tou pou nou montre Siy Li sou lafwa nou, bay Satan ak tout kilt enkwayan ak denominasyon l yo, ke nou kwè ke pwomès Li se vre, e L ap fè sa L te pwomèt pou L fè. Men Legliz la.

429 Pa etone yo pa ka rive nan premye baz la deyò la a, jan nou rele li; eskize ekspresyon an. Pa etone yo pa ka rive pyès kote sof retounen nan yon denominasyon epi fè on gwoup moun byen abiye, byen swa, entelektyèl, edike. Pa janm rive okenn kote, paske se sa yo montre: “M se Metodis. M se Presbiteryen.” Se tout sa yo ye.

430 Men kwayan pran Siy lan! E sa Jezi kòmanse fè nan Galile, Li kontinye fè kounye a nan demonstrasyon L de Siy lan, de Sentespri a ki tounen sou Legliz la. Paske, se pat zak apot yo, se te zak Sentespri an nan apot yo, e se te yon Siy.

431 Yo te di yo te dwe fè atansyon ak Pyè ak Jak, antan yo...Pyè ak Jan, antan yo te pase nan pòtay ki rele Bèl la, nan wè yo te iyoran. Yo dwe te di: “Frape,

pa, bwote, tann, chache, pote. M ap pale nou de sa.” Ou wè? Yo dwe te gen tout kalite gramè ke yo pat ka konprann. Yo dwe pat konnen diferans lan, tout...tout matematik Lekriti a. Men yo te dwe remake yo te avèk Jezi. Yo te ka montre Siy sa a, paske menm Lespri a ki te sou Li, anvan klouwe sou lakwa Li, te sou yo apre rezirèksyon an. Amèn!

432 Alò sa fè Li Ebre 13:8: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Men kòman nou konnen Li viv. Paske poukisa? Kijan nou fè konnen nou viv? Paske Li viv. E paske nou konnen nou viv, se paske nou tankou Li, e nou nan Li. Epi L te di: “Paske Mwen viv, nou viv tou. Mwen se Limenm,” nan Apokalips, “ki te mouri, epi vivan pou tout tan.” E si—si nou mouri pou tèt nou epi vin vivan nan Li, nou vivan pou tout tan. E lè sa a Lavi L nan nou jis tanjou lavi nenpòt lòt bagay, Li montre sa L te ye. E sa fè L menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

433 Kounye a kijan nou ka, lè yo renye Sa? Èske nou pa wè: “zèv mouri” yo? Sèvi Bondye vivan an, pa Etènèl la...M vle di, alyans Lavi pou tout tan an ki te nan San Jezikri a. Kounye kontinye, pou lafen, Mwen...Ebyen, mwen kwè, n ap jis kanpe. Ou wè, ap montre Siy lagras Li, lanmou Li! Kounye a, san Siy sa ki aplike..

434 Kounye a, se yon Siy. Kisa ki yon Siy? Siy la se yon siy de yon dèt ki peye. Yon pri ki egzije ki te peye. Pri sali nou se te lanmò, ou wè, e pèsòn pat ka peye l sof Kris. E pa lespri yon denominasyon, pa lespri yon pap, pa lespri de kèk moun oswa kèk sen; men Lespri

Jezi, sou Legliz la, se yon Siy ke dèt la te peye e L te reponn a tout egzijans ke Bondye te egzije, e noumenm avè L se yon sèl. “Jou sa a, n ap konnen ke M nan Papa a, Papa a nan Mwen; Mwen nan nou, e nou nan Mwen.”

435 Aplike Siy lan! Aplike Siy rezireksyon L la. Sa, paske Li te leve vivan pou jistifikasyon nou, Li te leve nou tou avè L. E kounye a nou chita nan plas Selès yo, nan Kris Jezi, anba kominyon Siy lan.

436 Jan Izrayèl te chita la a, epi rèl yo t ap kontinye, deyò nan lari a, yo pat gen yon sèl bagay pou yo enkyète de li. Sèl bagay, jis pou yo sèten san an, siy lan, te ap montre.

437 Sa se sèl bagay nou dwe enkyete de li kounye a menm. **Gen pwoblèm nan—nan chemen an, k ap fèt, zanmi.** Sa pap pran lontan, pwoblèm ap frape. Nou konn sa. Se pou n sèten Siy lan ap montre. E Siy lan se Sentespri a. “Paske pa yon sèl Lespri nou tout te batize nan yon sèl Kò, e te fèt dè patisipan de glwa Li,” sou Tè nou an, Lakay, mache kounye a pou Tè ki pwomèt la.

438 Èske n renmen Li? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Nou kwè Siy lan? [“Amèn.”] Konbyen moun ki ta renmen di: “O, Frè Branham, priye pou mwen, ke m ap vini anba Siy sa a”? [“Amèn.”]

Annou koube tèt nou.

439 Seyè Jezi, Sila ki gen Plis Gras! Lè mond lan te nan peche, epi okenn moun pat ka ede, Bondye, nan

mizèrikòd, ap montre davans, pa yon tip, ke te gen yon Siy ki t ap vini ki te ka retire peche; pa jis kouvri li, men te ka retire l. E Jezi te vini nan bon tan an, epi Li te vide San an, Pwòp Lavi Li, ap pran..ap fè pou nou yon ekspiyasyon pou peche nou yo, epi ap tounen prezante L nan fòm Sentespri a, ki kounye se yon Siy ke Legliz la dwe kenbe jiskaske L vini. Paske Apot Pyè te di: “Pwomès la sou nou, e pou pitit nou yo, ak pou sila yo ki olwen, menm otan ke Seyè Bondye nou an va rele.”

440 Seyè, pa gras Ou, èd Ou, m reklame chak moun ki tande Mesaj sa a. M reklame yo pou Bondye, mwen priye W, Seyè, toude ni isi a maten an ni sila yo k ap tande sou kasèt. E si gen yon Semans nenpòt kote, ki predestine, Seyè, pou tande Pawòl dènye jou sa a, ke yo vini kounye a, nan dousè ak imilite, epi poze twofe yo atè nan kwa a, oswa tèt yo, tankou yon twofe de gras Bondye ki te rele yo. E ke yo ranpli ak Sentespri epi montre Siy Lavi Jezikri nan rezireksyon Li, toutotan yo rete isi a sou latè. Akòde l, Seyè.

441 Pawòl sa yo, Seyè, m ka pat di yo kòrèkteman. E si m pat fè l, m priye ke Sentespri a va pran Pawòl sa yo epi prezante yo fason ke yo ta dwe prezante, ke moun yo va konprann epi konnen, san malis. E kite yo konnen ke lanmou la pou koreksyon. E ke yo te ka konnen ke se poutèt lè ke n ap viv ladann lan, epi vini Seyè a ki toupre, e nou wè gran liymè wouj yo k ap flache, sou tout mond lan, ke tan an toupre.

442 Ke moun yo resevwa Sentespri a jou sa a! M priye, epi prezante yo ba Ou, nan Non Jezikri. Epi kite L se

yon Siy pou nou toutotan nou viv, ke W te pwomèt Li tap la. Sa tap fasil pou mande sa, paske Ou te pwomèt Li tap la, e m konnen L ap la. Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

Kounye a, ak tèt nou bese, jis on minit.

443 Ak lafwa, nan kwè, m priye pou nou, tout kijan m konnen. M—m te priye ak sensèrite, ak tout kijan m konnen pou m priye pou li.

444 Gade, m reyalize sa. Nou konn kisa? Se pa dim ak ofrann nou yo ke m viv. Se sipò nou, isi a nan legliz la, ke m gen yon moun pou m preche ba li. Se lanmou nou, ak “amèn” nou yo, ak fratènite nou. Epi pawòl janti nou nan mitan deyò nan mond lan la a kote n ale, nan diferan eta atravè nasyon an, se pawòl nou yo ki ede pran Mesaj la. Se nou. Nou se patnè nan sa a, ak Kris. Nou se frè ak sè, epi L se Wa nou. E m renmen nou. Mwen—mwen—mwen—mwen, kote m ye, m vle nou ye. M kondwi atravè nasyon an, pou pale avè nou kèk fwa. M anvi rankontre avè nou isi a nan dimanch maten. M renmen nou. M te toujou renmen nou. Pafwa m dwe pale byen di, men se sèlman pou koreksyon. Nou wè, se jis se paske m renmen nou, ou wè, e m pa vle nou rate L. Nou, nou dwe fè sa.

445 Kounye a, jis nan dousè ak imilite, ak tout sa k nan kè nou, nan fon nèt anba, jis aksepte L. Di: “Seyè Jezi, kounye a menm jis pran tout sa k nan mwen, ki pa tankou W, epi kite m retire tout fyète mwen, tout sak nan mwen. Tout fatra yo, tout enkredilite ki nan mwen, mwen—mwen jete l kounye a, Seyè. M jis choute l

deyò. Epi kite Sentespri Bondye ki dous la, tankou yon kolonm, desann nan mwen. Mwen—mwen vle viv Etènèlman, Seyè, e mwen—mwen vle W ede m nan moman sa a. Akòde l kounye a.”

446 Pandan n ap priye, e nou pral fredone chante sa a, oswa chante l dousman, ansanm, *Mwen Renmen Li*. E, sonje, li vini pa lanmou, paske L se lanmou. Pandan m ap kenbe men m sou mouchwa sa yo, paske moun yo te ka pran yo anvan nwit lan.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li
Paske Li te renmen m an premye
E te achte sali mwen
Sou pyebwa Kalvè a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li.
Paske L te renmen m an premye
Kounye a jis abandone lavi nou ba Li.
E te achte sali mwen
Sou Kalv-...

447 Renmen, renmen, renmen L. Wè sa L te fè pou nou. [Frè Branham kòmanse fredone *Mwen Renmen Li*—Editè a.] Se pa lanmou. Lanmou mennen obeyisans. Lanmou mennen file. Lanmou mennen maryaj. E se kote n ap dirije tèt nou, Soupe Nòs Ayo

an. M tande Sovè m k ap rele, ke L renmen m, tou.
Mwenmen, tou! Mwen...

448 Jis tout kè nou, jis santi Yon Bagay vrèman dous
ap vin nan nou. Sa se Sentespri a.

Paske Li renemmn m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

449 Si...M ap leve men m anlè, ak oditwa a, ak mizik
la. Si m te peche, si m te fè nenpòt bagay ki pa bon...

M ap priye pou nou kounye a, ak tèt mwen.

450 Si m te fè nenpòt bagay ki pa bon, men m ba Ou,
Seyè, vle di mwen regrèt. Men m ba Ou, Seyè, vle di
ke m pa—m pat vle fè sa. E m konnen m ap mouri,
Seyè. M dwe kite mond sa a, nan fòm fizik la. M vle
rankontre W. Men m vle di, pran l, Seyè. Ranpli m ak
Lespri a. Ban m Siy lanmou W sou mwen, Sentespri a,
ki pral fè m viv nan dousè, jantiman, fè m viv Lavi ki te
nan Kris; ke kè m ap boule pou lòt yo, ke m jis pap
repoze apèn, lajounen kou lannwit, jouk m ka pran tout
moun ke m kapab. M ap tankou mesaje yo nan Jericho;
M pral jwenn tout moun ke m kapab, epi wè si m ka fè
yo vini anba alyans San an, anba San Ayo an, konsa
yo te ka resevwa Siy lan.

451 Ou wè, San an netwaye. Lespri a se yon Siy ke
San an te aplike. Ou wè? Lespri a se Siy la ke San an
te aplike. Jiskaske San an aplike, Lespri a—a pa ka
vini. Men lè San an aplike, alò Lespri a se yon Siy, ki

voye l tounen ba ou, ke lafwa w nan San an te aksepte, pri w lan peye. Pri w lan peye. Tout bagay fini. Ka a fenmen. Ou se yon Kretyen. Ou se yon kwayan. Kris nan ou, e ou nan Kris.

...te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

452 Ak kè nou bese kounye a devan Bondye; pastè nou, Frè Neveille, ak pawòl pou l fini yo ak sa l pral di a.

453 Sonje sèvis aswè yo, sèvis gerizon. Vin bonè. Ann komanse a setè, kite m sou lestrad la a setè edmi. Èske sa kòrèk, Frè Neville? [Frè Neville di: “Se byen.”—Editè a.] Kounye a nou pral gen kominyon, nou wè, aswè a. Vini!

454 Apremidi an, rete dwat avè L. Pa kite Mesaj sa pati. Sonje, pa janm kite Mesaj sa a pati!

455 San an va yon Siy ke Lavi a te bay. Ou wè? “E lè m wè San an, M ap epaye nou.” Sentespri a se yon Siy ke San an te aplike bay kè nou, e Li se Siy ke San an te aplike. Si l pat janm aplike, alò Siy lan pap vini. Nou konprann? Di: “Amèn.” [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] San an dwe aplike, epi apre Siy lan vini. Se yon Siy ke San redanmsyon an te aplike epi pri nou an peye. Bondye beni nou. Frè Neville.